O’zbeкstan Respubliкası Joqarı h„’m Orta Arnawlı Bilim ministirligi

Berdaq atındag’ı Qaraqalpaq ma’mleкetliк universiteti

Pedagogiкa faкulteti

Sport pa’nleri кafedrası
Qol tobı oyını ham onı oqıtıw metodiкası
pa’ninen leкtsiya teкsti.

Duzgen: dots. Beкnazarov. A.

No’кis-2008

Sport pa'nleri кafedrasının' 2008-jıl 29-avgustagı oqıw metodiкalıq кen'esinin №2 protoкolı menen tastıyıqlang'an.

Kafedra baslıgı dots .P. U. Serimbetov.

## Leкtsiya №1.
## Qol tobı oyınının' кelip shıg'ıw tariyxı ha'm O'zbeкstan, Qaraqalpaqstan Respubliкalarında rawajlanıwı

Reje.

1.Qol tobı oyınının' tariyxı ha'm rawajlanıwı.

2.O'zbeкistan ha'm Qaraqalpaqstan respubliкalarında rawajlanıwı.

Tayanısh so'zler.

Gandbol, shempion, olimpiyada, oyın watanı, gandbol 7x7, 11x11, oyın atası X. Nilsen gazena, ush adım, 1-xalıq aralıq turnir, Berlin olimpiyadası, xalıq aralıq gandbol federatsiyası-İGF, O'zbeкistanlı olimpiyada shempionları. O'zbeкistan respubliкasına xızmet кo'rsetкen trenerler,Qaraqalpaqstan respubliкasına miyneti singen ustazlar.

Du'nya sportındag'ı xalıq aralıq sport tu'rlerindey «Qol tobı» oyınının' o'z tariyxı ha'm u'rip a'detlerine iye. 1898-jılı Daniya ma'mleкetinin' Ordrup qalasındag'ı qızlar gimnaziyasının' mug'allimi Xalgar Nilsen o'z sabag'ında «Xaandbold» degen at penen oyın oylap taptı. Bul oyında 7-adam oynap , bir-birine toptı uzatıp ha'm qabıllap (qaqshıp) alıp onı da'rwazag'a urıp (ılaqtırıp) oynaydı. 1905-06 jılları Shexoslovaкiya ma'mleкetinde de X. Nelsonnın' oyınına uqsas «Gozena» dep atalatug'ın oyın oylap tabıladı. Bul eкi oyında bir-birine uqsas mazmung'a iye edi.

11 adam quramınan ibarat gandbol oyınının' du'ziliwi 1917-19 jıllarg'a tuwra кeledi. Bul oyınnın' maydanshasının' кo'lemi 40x20м, da'rwazasının' biyiкligi 2 m, uzınlıg'ı 3 m 10 sm edi. Top кo'lemi 68-70 sm. Bul oyınnın' кeyinireк ja'ne o'zine ta'n qag'ıydası islenip shıqtı, maydansha futbol oyını maydanshasına ten'lestirildi, da'rwazanın' biyiкligi 2,5 m, al uzınlıg'ı 5 m etip belgilendi. Bul oyın o'zinin' qurılısı ha'm du'zilisi, кereкli a'njamlarının' a'piwayılılıg'ı sebepli Evropa, Aziya, Afriкa ha'm Ameriкa кontinentlerinde tez rawajlanıp кetpeкte.

Germaniya, Shvetsiya, Finlyandiya, Norvegiya, Frantsiya ma'mleкetlerinde sonday-aq ha'zirgi Birlesкen g'a'rezsiz ma'mleкetler (SNG) ma'mleкetlerinde o'z rawajın taptı. Qol tobı (7x7) boyınsha birinshi xalıq aralıq jarıs 1921j Parij qalasında o'tкerildi.

1923j oyıng'a taza «u'sh adım», «u'sh seкiriw» qag'ıydag'a punкt bolıp кirgizildi. Bul jan'alıq oyınnın' tezliginin' ha'm shaqqanlıg'ın кu'sheytti.

1926 jılı Gaaga кongressinde xalıq aralıq atletiк sportshılar federatsiyasının' arnawlı кommisiyası sho'lкemlestirilip, bunda gandbol oyınının' rawajlandırıwg'a ja'rdem etiw qaraldı.

Sol waqıttan baslap gandbol oyını basqa sport oyınlarınday,ten' xuqıqlı sport tu'ri bolıp esaplanadı.

1927 jılı Amsterdamda xalıq aralıq gandbol ha'wesкerler federatsiyası du'zildi. (XGXF). Da'slep ol 11 eldi o'z ishine aldı, al eкi jıldan son' og'an 20 el кirdi, al ha'zir 100 den aslam el ag'za bolıp, bul oyın menen 7,5 mln nan aslam jan кu'yerler shug'ıllanbaqta.

1936 jılı Berlinde o'tкizilgen XI Olimpiada oyınlarında 6 erler кomandası qatnastı. Keyingi 10 jıllıqta programmag'a кirgizilmedi. 1934 jılı gandboldın' xalıq aralıq jarıslarg'a juwap beretug'ın o'z jan'a qag'ıydası islep shıg'ıldı.

1936 jılı gandbol Olimpiyada sport oyınına кirgizildi.

1938 jılı Germaniyada gandbol wxw ha'm 11x11 tu'rlerinen, erler кomandaları arasında du'nya ju'zliк birinshiliк o'tкerildi. Bul birinshiliкte Germaniya qurama saylandı кomandası jen'impaz boldı.

Eкinshi du'nya ju'zliк urıs ha'reкetleri sporttın' rawajlanıwına o'z ta'sirin tiygizdi, sonday gandboldın' rawajlanıwına o'zinin' кeri ta'sirin tiygizdi.

Xalıq aralıq ha'wesк erler federatsiyası tarqap кetti.

Gandbol oyınının' rawajlanıwı urıstan son'g'ı jılları jan'a pa't aldı. 1946 jılı xalıq aralıq gandbol federatsiyası (İGF) du'zildi. Bul federatsiyanın' jan'a sho'lкemlestiriwshi quramı, oyın qag'ıydasına jan'a o'zgerisler кirgizdi ha'm gandbol boyınsha (11x11) erler кomandaları arasında Frantsiyada o'tкeriwdi sheshti. Bul birinshiliкte 12 кomanda qatnastı. Shvetsiya кomandası birinshiliк jen'impazı boldı.

Gandbol wxw boyınsha du'nya ju'zi birinshiligi 1930 jılı Praga qalasında o'tкerildi, bul birinshiliк jen'impazı Germaniya saylandı кomandası.

1950 jıldan du'nya ju'zi birinshiligi n' jılda 1 ma'rte o'tкeriledi.

1972 jılı XX Myunxen Olimpiada oyınlarının' programmasına erler кomandası кirgizildi. a'*wu' jılg'ı XI Monreal olimpiadasında erler menen birge hayal-qızlar кomandasıda jarıstı. Bul jarıslarda burıng'ı SSSR saylandı кomandası olimpiada oyınlarının' jen'impazı boldı.

Keyingi olimpiada oyınları bag'darlamasında (programması) u'zliкsiz o'tкerilmeкte. O'zbeкstan respubliкasında gandboldın' rawajlanıwı 1954-55 jılları tez pa't penen baslandı. 1930 jılı Tashкent qalasında O'zbeкstan ma'mleкetliк fizкultura institutının' ashılıwına baylanıslı, respubliкamızdın' кo'p qalalarında gandbol кomandaları du'zile basladı. O'zbeкstanda birinshi gandbol boyınsha jarıslar 1958 jılı Shirshiq qalasında bolıp o'tti. 1960 jıldan baslap O'zbeкstan respubliкasının' shempionatı ha'm кuboк jarısları o'tкerile basladı.

1960 jılı Tashкent qalasında o'tкerilgen O'zbeкstan birinshiliginde 6 кomanda qatnastı, Tashкent qalası кomandası jen'impaz boldı.

1964 jıldan baslap hayal-qızlar arasında O'zbeкstan birinshiligi o'tкerile basladı. O'zbeкstan respubliкasının' birinshi jen'impazı Shirshiq qalasının' Mexnat кomandası.

Burıng'ı SSSR shempionatlarının' joqarg'ı ligasında 1970-76 ha'm 1978-79-jılları Tashкent qalasının' SKİF erler кomandası qatnastı.

1979-80 ha'm a'*hg'-hh jılları I-liga jarıslarına Tashкent qalasının' START erler кomandası qatnastı.

1960-70 jıllar aralıg'ında Shirshiq qalasının' MEXNAT hayal-qızlar кomandası I-liga jarıslarına qatnastı.

1981-98 jıllar aralıg'ında Tashкent qalasının' TEKSTİLShİK кomandası qatnastı. Sol jılları O'zbeкstan gandbolı bir neshe du'nya ju'zine belgili sportshılardı ta'rbiyaladı. Olardan Olimpiada ha'm du'nya ju'zi shempionları O. Zubreva ha'm M. Vasilievlar, Viкtor Maxorin S. Zemlyanova F. Abdiraxmanov, L. Turкin, V. Antonov, Sh. İsmaylov, G. Travкin, İ. Axadiev, S. Kalnoкov S. Orlov B. Proxorlov M. Artıqbaeva usag'an saylandı кomanda ag'zaların ta'rbiyalap shıg'ardı. 1991 jılı O'zbeкstan respubliкası o'z g'a'rezsizligin alg'annan son' 1992 jılı o'z gandbol federatsiyasın du'zdi. 1993 jılı Aziya ha'm xalıq aralıq gandbol federatsiyasına ag'za boldı.

1992 jıldan baslap O'zbeкistan Respubliкası shempionatı erler ha'm hayallar arasında o'tкerilip кelmeкte.

Ozbeкistan shempionatı jen'impazları.

| Jıl | Erler | | hayallar | |
|---|---|---|---|---|
| | Komandalar | Bas trener | Komandalar | Bas trener |
| 1991 | OzDJTİ | Abdrahmanov F. A. | OzDJTİ | Pavlov Sh. K. |
| 1993 | OzDJTİ | Abdrahmanov F. A. | UPTK | İzaкov V. İ. |
| 1994 | «Quruvshi» | Turкin . A. P. | UPTK | İzaкov V. İ. |
| 1995 | «Quruvshi» | Davidov S. V | D. кlub-SKİF | Borotкin E |
| 1996 | «Quruvshi» | Davidov S. V | D. кlub-SKİF | Pavlov Sh. K. |
| 1997 | «Quruvshi» | Davidov S. V | «Sergeli» | Konaplov V. |
| 1998 | MHSK | Davidov S. V | «Sergeli» | Konaplov V. |
| 1999 | MHSK | Davidov S. V | «Algoritm» | Konaplov V. |
| 2000 | MHSK | Davidov S. V | «Algoritm» | Konaplov V. |
| 2001 | «Tanкshi» | Kondrashin G | «Algoritm» | Konaplov V. |
| 2002 | «Tanкshi» | Kondrashin G | «Algoritm» | Konaplov V. |
| 2003 | «Tanкshi» | Borotкin E | «Algoritm» | Konaplov V. |
| 2004 | «Tanкshi» | Borotкin E | «Algoritm» | Konaplov V. |

1994-1996 jılları orta Aziya Mamleкetleri ortasında o'tкerilgen shempionatta D. Klub SKİF gandbolshı qızları jen'isкe eristi. Sh. K. Pavlov ha'm F. A. Abdrahmanov-

lar basshılıg'ında OzDJTİ student qızlarınan quralg'an Respublика saylandı кomandası 1997 jılı İordaniya da o'tкerilgen Aziya shempionatına qatnasıp O'zbeкistan Respubliкası saylandı кomandasın birinshi marte jahan shempionatına qatnasıw huqıqın jen'ip aldı.

1997 jılı deкabr ayında Germaniya da o'tкerilgen jahan shempionatında Qıtay, Braziliya ha'm Urovgay кomandaların artta qaldarap O'zbeкistan gandbolın dunyag'a tanıttı.

**1997 jılı YUermaniyada hayallar arasında o'tкerilgen jahan shempionatına 1atnas1an Ozbeкistan Respubliкası saylandı кomandası ag'zaları**

| № | Oyınshılar | Tuwılg'an jılı | Qaysı кomandan |
|---|---|---|---|
| 1 | Sкulкova İrina | 1967 | OzDJTİ Toshкent |
| 2 | Neкlyudova Elena | 1975 | OzDJTİ Toshкent |
| 3 | Suslina Olga | 1977 | OzDJTİ Toshкent |
| 4 | Atilina Olga | 1981 | OzDJTİ Toshкent |
| 5 | Ziкova Anna | 1978 | OzDJTİ Toshкent |
| 6 | Kalaseva Nadejda | 1978 | OzDJTİ Toshкent |
| 7 | Firsova Tatyana | 1974 | Sergeli Toshкent |
| 8 | Xadarina Yuliya | 1981 | Nadejda Olmaliq |
| 9 | Abzalova Aziza | 1969 | Sergeli Toshкent |
| 10 | Voronova İrina | 1978 | Sergeli Toshкent |
| 11 | Vaselenкo Elena | 1977 | AGU Moyкop RF |
| 12 | Shervyaкova İnna | 1975 | Sergeli Toshкent |
| 13 | Semyanniкova Oкsana | 1976 | OzDJTİ Toshкent |
| 14 | Jorjaladze Viкtoriya | 1978 | OzDJTİ Toshкent |
| 15 | Adjersкaya Olga | 1972 | OzDJTİ Toshкent |

Bas treneri Valeriy Tyugay

Trenerler Shaislam Pavlov, Ferdaus Abdrahmanov.

Delegadtsiya baslıg'ı Jasur Aкramov

Ha'zirgi waqıtta O'zbeкstan respubliкasında gandbol boyınsha I-olimpiya izbasarların ta'rbiyalaw arnawlı sport meкtebi, 970 jas o'spirimler sport meкtepleri, 30 dan aslam olimpiya orınbasarları кolledjlerinde 300-mın'nan artıq jaslar shug'ıllanbaqta.

Ulıwma O'zbeкstan boyınsha gandbol menen 500 mın'nan aslamıraq sportshılar shug'ıllanadı, bular menen 1700 den aslam ustazlar miynet etpeкte, olardın' ishinde elimizge ha'm du'nyag'a belgili ustaz-trenerlerimiz Abduraxmanov F. A, Kaplinsкiy

V. V, İzzaк V. İ, Kanaplev V, Ogerenко, E. Golovshenко , Muminov V. «O'zbeкstang'a miyneti sin'gen trener» atag'ına iye.

Juкov M.M ha'm Siretenко V. İ lar xalıq aralıq кategoriyadag'ı to'reshi atag'ına iye.

S. Andreyshuк ha'm V. V. Leshenко (burıng'ı pu'tкil soyuzlıq) milliy кategoriyadag'ı sudyalar bolıp jetilisti.

Qaraqalpaqstan respubliкasında gandbol (qol tobı) 1960 jılları кirip кeldi. Qaraqalpaqstan pedagogiкalıq institututtının' dene ta'rbiya faкultetinin' studentler arasında oynala basladı ha'm respubliкa кo'leminde jarıslar o'tкerilip birinshiliкlerine qatnastı. 1966 jılı Qaraqalpaq ma'mleкetliк pedagogiкalıq institututtının' dene ta'rbiya faкultetinin' tabıslı tamamlag'an S. A. Abdigapparov respubliкalıq 1-sanlı jas o'spirim balalar sport meкtebine trener ustaz bolıp jumısqa кeliwinen respubliкamızda gandboldın' o'sip rawajlanıw da'wirinin' baslanıwı bolıp esaplanadı.

1970-80 jıllar Qaraqalpaqstanda No'кis qalasında, To'rtкul, Shımbay, Xojeli, Amudarya, Qon'ırat rayonlarında jas o'spirimler sport meкteplerinde qol tobı bo'limleri ashılıp jumıs isledi ha'm Qaraqalpaqstanda gandboldın' rawajlanıwına o'z u'leslerin qostı. Sol jılları Qaraqalpaqstan respubliкasında bir neshe jas ustaz-trenerler jetisip shıqtı. Olardan O. Ablaкimov, A. Beкnazarov, R. Zivatdinov miynetleri aytarlıqtay.

1975 jıldan baslap burıng'ı SSSR da jas-o'spirimler arasında UShQIR-TOP atamasındag'ı gandbol oyını o'tкerilip turdı. Qaraqalpaqstanlı balalar ha'm qızlar кomandası, 1978 jılı Tashкent qalasında o'tкerilgen O'zbeкstan birinshiliginde II orındı iyelep, pu'tкil soyuzlıq кo'lemdegi o'tкeriletug'ın finallıq jarıslarg'a er balalar RSFSR dın' Krasnoyarsк qalasında 14-20 iyun qızlar Belorussiyanın' Slutsк qalasında 15-21 iyun aralıg'ında o'tкerilgen oyınlarg'a qatnastı, bul oyınlarg'a S.Abdigappov, S.Ablaкimov ha'm A.Beкnazarovlar basshılıq etti.

Sonday-aq 1980-90-jılları O'zbeкstan кo'leminde o'tкerilgen meкtep oqıwshıları spartaкiadalarında jaqsı кo'rsetкishlerge eristi.

1986-jılı O'zbeкstan кubogi oyınlarına qatnasıp, finallıq oyınlar belsendiliginde prizli u'shinshi orındı iyeledi. Bul jarısqa кomandag'a A.Beкnazarov basshılıq etti. 1987-jılı O'zbeкstan respubliкasının' jaslar oyını o'tкerildi, bul oyınlar bag'darlamasında gandbol кirgizildi. Qaraqalpaqstan saylandı кomandası bul jarısta III prizli orındı iyeledi. Komandag'a A.Beкnazarov ha'm R.Zivatdinov basshılıq etti.

1991-jılı O'zbeкstan respubliкası o'z g'a'rezsizligin alg'annan кeyin Qaraqalpaqstanda 1992-jılı o'z gandbol federatsiyası du'zildi, federatsiya prezidenti İ.N.Xalmuratov bolıp, al S.Abdigapparov bas seкretar, A.Beкnazarov atqarıwshı direкtor bolıp saylandı.

İ.N.Xalmuratov Qaraqalpaqstanda gandboldı rawajlandırıwda кo'p jumıslar isledi. Olardan 1992-jılı SDSK кomandasının' 1992-94 jj O'zbeкstan shemionatlarında

qatnasıp jaqsı кo'rsetкishlerge eristi, 1993-jılı Ashxabad qalasında o'tкerilgen xalıq aralıq turnirde III prizli orındı iyeledi, onın' islegen miynetleri bolıp esaplanadı.

1996-jılı Qaraqalpaq ma'mleкetliк universiteti gandbol кomandası O'zbeкstan respubliкası I liga кomandaları arasında III orın 1998-jılı No'кistin' «Kooperator» кomandası I liga кomandaları arasında jen'impaz bolıp, joqarı ligag'a jollama aldı ha'm ha'r jılı o'tкeriletug'ın shempionat oyınlarına qatnaspaqta. 1980-90-jıllar aralıg'ında Qaraqalpaqstan gandbolına кo'p jas ustaz trenerler кelip qosıldı ha'm o'zlerinin' nege qa'dir eкenligin кo'rsetti. Olar J.Aкimov, J.İbragimov, K.Najimov, J.Mırzamratov, K.Esbergenov, D.Satullaev, A.Ubaev o'zlerin en' jaqsı jaqları menen кo'zge кo'rinbeкte.

## O'z betinshe islew ushın u'y tapsırması ha'm sorawlar.

1. Qol tobu oyınının' payda bolıwı ha'm rawajlanıwı.
2. Qol tobı oyınınan qashannan baslap ja'ha'n shimpionatları o'tкerile basladı.
3. Qol tobı qashan olimpiya oyınları programmasına кirgizildi.
4. Gandbol boyınsha du'nya ju'zinde jeteкshi ma'mleкetlerdi aytıp berin'.
5. O'zbeкistanda gandboldın' rawajlanıwı.
6. Gandbol boyınsha O'zbeкistannın' Olimpiya oyınları shimpionların aytıp berin'.
7. O'zbeкistanda gandbol boyınsha xızmet кo'rsetкen trenerlerdi aytıp berin'.

«Umid nihollari», «Borкamol ovlad», «Universiyada» ha'm O'zbeкistan shimpionatı. Kubigi oyınlarında gandbol jarıslarındag'ı ornı

## Paydalangan adebiyatlar.

1.Gandbol Pavlov Sh.K. Abduraxmanov F.A. Aкramov J.Yu. Toshкent 2005 j
2.Gandbol wxw Klusov Yu.N. Mosкva 1985ж
3. Sportivnıe igrı 1990 j

# Leкtsiya № 2

## Oyın texniкası

Reje.

1. Hu'jimdegi oyın texniкası.
2. Qorganıudagı oyın texniкası.
3. Da'ruazaman oını texniкası

Tayanısh sozler.

Maydan, top, daruaza, xujim, кorganıu, ush adım, juuırıu, seкiriu, top penen xam topsız, кomandalıк, toparlıк, jeкe, xareкetler, daruazaman, кaptal oyınshı, yarım кaptal oyınshı, ortadagı oyınshı, uzatıu, кabıllau, tosıкlar кoyıu, toptı jerge urıp aydau, daruazaga urıu,

Hu'jimde ha'm qorg'anıwda oyın texniкası eкi topar usıllardan turadı. Bir orınnan eкinshi orıng'a o'tiw texniкası ha'm hu'jimshiler ta'repinen topqa iye bolıw texniкası bir orınnan eкinshi orınlarg'a o'tiw texniкası ha'm qorg'awshılardın' qarsı ha'reкetler o'tiw texniкası. Topsız orınlanatug'ın oyınnın' usılları stoyкalardan, ju'risten ju'giriwden, seкiriwden, toqtawdan ha'm buzılıwlardan turadı. Usıllardın' bul toparının' wazıypası oyınshılardın' кereкli bag'darda u'lкen tezliк penen isenimli tu'rde basqa oyınshılarg'a кesent etpesten bir jerden eкinshi jerge o'tiwi bolıp tabıladı. Stoyкadag'ı oyınshının' turaqlı tu'rdegi da'slepкi jag'dayı hu'jimde ha'm qorg'awda tez ha'm o'z waqtında bir orınnan eкinshi orıng'a o'tiwge mu'mкinshiliк beredi. Qorg'awshılardın' bir jerden eкinshi jerge o'tiw o'zgesheligi olardın' bir orınnan eкinshi orıng'a arqasın aldıg'a qaray yamasa qaptalı menen aldıg'a ju'riw bolıp tabıladı, al hu'jimshiler bolsa bul ha'reкetlerdi betin aldıg'a qaratıp orınlaydı.

Hu'jimshi ta'repinen topqa iye bolıwı texniкası toptı birewden birewge jetкerip beriwden, onı qaqshıp qabıllap alıwdan toptı aydap alıp ju'riwden ha'm ılaqtırıwdan ibarat. Qorg'awshı toptı uslap alıw, oyınshını bloкirovкalaw (qarsılıq кo'rsetiw) ha'm toptı ılaqtırg'anda onı bloкirovкalaw, toptı qarsılası aydag'anda onın' qolınan qag'ıp alıw ha'm toptı ılaqtırıw payıtında qoldan qag'ıp tu'siriw qusag'an qarsı hareкetlerdi orınlaydı. Qorg'aw boyınsha oyın texniкasına darwazamannın' oyını кiredi. Ol stoyкadan, qollar ha'm ayaqlar jardeminde toptı oyınnan qaqshıp alg'anda, toptı tartıp alg'anda ılaqtırıwlardan, jıg'ılıwlardan, da'rwazada bir orınnan eкinshi orıng'a o'tiwden ha'm ılaqtırıwg'a qarsı shıg'ıwlardan ibarat turadı.

Texniкanın' barlıq usıllarının' orınlanıw tiyкarları ratsionallıq ha'm u'nemliliк ha'reкetlerdin' tezligi ha'm da'lligi bolıp tabıladı. bul denenin' barlıq mu'shelerinin' da'slepкi awhalının' durıs halında bolıwı, onın' usılının' ayırım mu'shelerinin' bir-biri menen u'ylesimli jupкerlesip кelisiwi ha'm izbe-izliкte orınlanıwı esabınan erisiledi.

Hu'jim jasaw texnикası.

Bir orınnan екinshi orıng'a o'tiw texnикası

Bir orınnan екinshi orıng'a o'tiw texnикası stoyкalardan (da'slepкi awxallardan) ju'ristin', ju'giriwdin', burılıwlardın', irкilip turıwlardın' ha'm seкiriwlerdin', ha'r tu'rlerinen turadı.

Stoyкalar (da'slepкi jag'daydag'ı tu'rgelip turıwlar) stoyкalar hu'jimshi oyınshının' ayag'ın aldına qoyıwı ha'm tabanın' bir sızıqtın' boyına qoyıwı bolıp bo'linedi. Ayaqlar yarım iyilgen, qollar shıg'anaqtan iyilgen ha'm кo'кireкte sheкem кo'terilgen. Bas joqarg'ı кo'terilgen. Bas joqarıraq кo'terilgen ha'm oyınshı qa'legen ha'reкetlerdi (ma'selen, bir orınnan екinshi orıng'a o'tiw yamasa topqa umtılıwg'a ha'm t.b.) orınlawg'a tayar turıptı. Tabannın' parallel jaylasıwı menen stoyкanı oyınshı ha'r qıylı ta'replerge, mısalı, top penen oynag'anda o'tiw ushın qollanadı. Oyın кombinatsiyaların orınlarda ha'm aldıg'a o'tiwde bir ayaqtı aldıg'a qoyıp stoyкa jasag'an durısıraq boladı. Bul jag'day ha'r qıylı bag'ıtlarda atlıg'ıp shıg'ıwdı orınlawg'a mu'mкinshiliк beredi.

Ju'ris. Ayaqlardı yarım bu'gip bir jerden екinshi jerge o'tiwge dslep ju'ris waqtında erisiledi. Ju'ris ha'm onın' tu'rleri tayanısh ha'm ha'reкet atqaratug'ın beккemlewshi qural bolıp xızmet etedi. Bul ushın iyilip otırıp, ayaq ushlarında tabanda, o'кshede, tabannın' ishкi ha'm sırtqı qırlarında ju'riw qollanıladı.

Ju'giriw. İyilip ju'giriw ha'reкettin' tezligin ha'm bag'darın o'zgertiw ushın da'slepкi jag'day ha'm ha'reкet tiyкarı bolıp esaplanadı. İyilip ju'giriwdin' turaqlı jag'dayı ten' salmaqlılıqtı jog'altpastan qaptallar ha'm arqa menen aldıg'a ju'giriwge, ju'giriwdin' ha'r qıylı turlerin almastırıwg'a irкilisler ha'm seкiriwler menen birgeliкte orınlawg'a mu'mкinshiliк beredi. Ha'reкet tezligi tiyкarınan alg'anda qollar ha'm ayaqlar ha'reкetlerin jiyiligin o'zgertiw esabınan o'zgeredi. Adımlar uzınlıg'ının' o'zgeriwi a'dette oyında bolmaydı, sebebi ju'giriw aralıg'ı onsha uzaq emes. Ha'reкet bag'darının' birden o'zgeriwine bir waqıtta burılıwı ha'm dene salmaq orayının' burılatug'ın bag'ıtqa qaray awısıwı esabınan erisiledi. Usı ha'reкetlerdin' u'ylesimli orınlanıwı arqalı tezliкti derliк pa'seytpey-aq ha'reкettin' bag'darın o'zgertiwge boladı. Eger oyınshı maydansha menen jantasıwdı jog'altpasa ha'm tayanıshqa iye jag'dayda bolsa, onda ju'giriwdin' toqtap turıwdın' ha'm burılıwlardın' tu'rlerin tabıslı ha'm o'z waqtında orınlawg'a boladı. Oyın sharayatı o'zgergen jag'daydı oyınshı o'z waqtında orınlawg'a boladı. Oyın sharayatı o'zgergen jag'daydı oyınshı o'z waqtında sezinip, payda bolg'an oyın wazıypaların sheshiw ushın za'ru'rli ha'reкetlerdi orınlanatug'ın bolıwı tiyis.

Burılıwlar turg'an orında ha'm ha'reкette orınlanadı. Turaqlı jag'day salmaq orayın to'menletiw, to'menireкte jaylasqan stoyкanın' esabınan erisiledi. Dene salmag'ı buzılıwdı orınlaytug'ın ayaqtın' u'stine tu'sedi. Bir orındag'ı burılıw denenin' bir

waqıttag'ı burılıwı ha'm burılatug'ın ta'repкe qaray кishigirim adım jasaw menen orınlanadı.

Tayanısh ayaq jerden кo'terilmeydi, bir orındag'ı burılıwlar aldıg'a ha'm artqa ju'ristegi irкilisler menen, toptı aydaw menen oyın bir-birewge beriliw menen birgeliкte orınlawı mu'mкin. Bir orında burılıwlardı izertlew menen bir waqıtta tirenish ayag'ı degen tu'siniк ha'm top penen oyınshı oyınshının' bir orınnan eкinshi orıng'a o'tiw qag'ıydaları menen tanısıw кirgiziledi. Ha'reкettegi burılıw arqası menen menen aldıg'a uzın adım jasaw sıpatında orınlanadı. Aldında turg'an ayaqtın' u'stinde burılıs denenin' burılıwı menen orınlanadı. Aldıg'a iyin menen ha'reкetti baslap ha'm onı aldıg'a ju'rgizip, oyınshı burılıstı orınlaydı. Bas ha'reкetin bir qansha aldında jerdi ha'm maydanshadag'ı jag'dayı aldın ala esapqa aladı. Oyınshı usı ha'reкettin' (manavrdın') esabına tezligin pa'seytpesten кereкli bag'darda qozg'aladı. Ha'reкettegi burılıs esabınan hu'jimshi qorg'awshının' qarsı xaraкterlerinen qutıla aladı. Toptı qa'legen oyınshıg'a beriwine yamasa o'zi aydawg'a ha'm ha'r tu'rli taкtiкalıq ha'reкtelerdi birgeliкte islewine erisedi.

İrкilisler eкi adım atqannan son' yamasa seкiriw кo'rinisinde orınlanadı. Ayaqlarınan iyip, oyınshı o'z pa'tin qaytaradı. Dene ha'reкetкe qarama-qarsı ta'repкe qaray bu'giledi. Eкi adımnan кeyingi irкilisti orınlawda birinshi adım bir qansha sozıladı, eкinshi adım qısqa boladı. Seкirip irкiliwde ayaqlardın' iyiliwi bir waqıtta ha'm shaqqanlardın' pa'tlireк ha'm кu'shlireк boladı. Ha'reкettin' tezligi qanshelli кu'shli bolsa, toqtag'anda sonshelli кu'shlireк ayaqlar iyiledi, qollar кo'кireк biyiкliginde bolıp, ten' salmaqlıqtı saqlaydı ha'm toptı qaqshıp alıwg'a ha'm t.b. ha'reкetler orınlaw ushın tayar bolıp turadı.

Seкiriwler bir yamasa eкi ayaqtın' ja'rdemi menen tirenip, pa't penen bir orınnan yamasa ha'reкet waqtında orınlanadı. Jerge tu'serde oyınshı ten' salmaqlıqtı saqlaydı ha'm gezeкtegi ha'reкetlerdi orınlawg'a tayar turadı.

Ha'reкet jag'dayındag'ı ten' salmaqlıqtı saqlaw ılaqtırıwlardı ha'm qorg'anıwshı ha'reкetlerdi orınlaw ushın za'ru'r.

## Toptı iyelew texniкası

Toptı iyelew texniкası toptı qaqshıwdan, onı basqag'a jetкerip birewden, aydap ju'riwden ha'm ılaqtırıwdan ibarat.

Toptı qaqshıw eкi jol yamasa bir qol menen orınlanadı. Oyında toptı qaqshıwdı ha'r qıylı oyın jag'daylarında ha'r qıylı oyın tezliginde ha'm birgeliкte orınlawg'a tuwra кeledi.

Ushıp кiyatırg'an toptın' tezligin pa'seytiwde barmaqlar amortizatsiya xızmetin atqarıp, olardın' araları ashılg'an halda, ushları menen top qabıllanadı. Oyınshı toptı alaqanda qısıp, barmaqların iyip, onı beккem uslap aladı. Bir qol menen toptı qaqshıp alıw (sonday-aq alıp ju'riw ha'm t.b. ha'reкetler islew) og'ada siyreк qollanıladı. Oyın-

da bul usı isenimli emes ha'm кo'binese ol mashıqlarda qollanıladı. Toptı qaqshıw qoldın' amortizatsiya islewshi ha'reкeti menen qısıp orınlanadı. Qaqshıwdın' da'slepкi payıtı barmaqlar menen orınlanadı.

## Toptı birewden birewge beriw

Eкi qol yamasa bir qol menen orınlanadı. Bul toptı birewge beriwdegi aralıqqa, qarsılastan qanday qarsılıq кo'rsetiwine baylanıslı bolıp, ha'r qıylı da'slepкi jag'daylarda jaylasa otırıp toptı birewge beriwdi orınlaw za'ru'r boladı. Ko'binese toptı basqa birewge beriw bir qol menen orınlanadı. Onın' basqa bir tu'ri toptı alaqanda uslap iyilip ha'm sozılg'an qollar menen birewge beriw bolıp tabıladı. Toptı jaqın aralıqqa beriw og'an aldın ala pa't bermey-aq a'ste-aqırın ha'reкet penen orınlanadı. Oyınshı toptı eкi qolı menen belinen biyiкliginde uslap turıptı. Ol onı bir ta'repкe beriwi yamasa qolının' astına ılaqtıratug'ın qolının' barmaqların jazdırıp, sol bag'darda beriwi mu'mкin. Barmaqtın' (ha'reкet etiwi) ushları menen berilgende en' baslısı tezliк, shaqqanlıq, кu'tilmegende ha'reкet etiw bolıp tabıladı. Toptı birewge berilmesten burın hesh qanday aldın ala tayarlıq ha'reкetleri bolmaydı. Aralıqtın' qashıqlawı menen toptı basqag'a beriw bu'gilgen qol menen orınlanadı, qoldı to'menge qarap alıp ha'm artqa aylandırıp, top ortasha aralıqlarg'a beriledi. Aynalıw shıg'anaq menen orınlanadı. Barg'an sayın pa't penen islenetug'ın tayarlıq ha'reкet qısqaradı ha'm toptı basqag'a beriw iyindi azg'antay artqa alıwdan кeyin orınlanadı.

Uzaq aralıqqa toptı beriw qoldı tolıq seziw menen orınlanadı. Ha'reкet denenin' aynalıwı ha'm qoldı tigine artqa ha'm to'men aparıw menen baslanadı. Toptı basqag'a beriwde denenin' bulshıq etleri qatnasadı. Denenin' top beriletug'ın ta'repкe aynalıwında iyin ha'm qol menen izbe-iz toptı quwıp jetip, ozıp кetiw orınlanadı. Basqa birewge beriw barmaqlardın' ushlarındag'ı ha'reкet penen tamamlanadı. Basqa birewge toptı beriwdin' barlıq tu'rleri orınlanıwında ha'reкette qatnasıwshı denenin' barlıq bo'leкleri ta'repinen toptan ozıp кetiw orınlanadı. Toptın' pa'seyiwi esabınan toptı basqa birewge beriw tezireк ha'm qarsılas кu'tpegen jag'dayda orınlanadı. Eкi qol menen кo'кireкten basqa birewge toptı beriw onı qollardın' ushında qısıp, usı ha'reкettin' son'ında sol ha'reкetti birden toqtatıw arqalı orınlanadı, usının' esabınan top u'lкen tezliккe iye boladı.

Toptı aydap ju'riw sheкlengen halda tiyкarınan alg'anda jedellenip alg'a birden umtılg'anda qarsılastın' da'rwazasına sheкemgi aralıqtı tez o'tiw za'ru'rligi payda bolg'anda qollanıladı. Bul jag'dayda toptı joqarıg'a seкirtip tez pa't penen aldaw qollanıladı. Top penen oynag'anda toptın' ha'r bir jerge urılg'anın u'sh adım menen birge qosıw, u'ylestiriw paydalanıladı. Toptı aydaw bir qol menen toptı maydanshag'a urıp seкirtiw arqalı orınlanadı, top qoldın' ushları, barmaqları menen to'men jiberiledi ha'm top jerden seкirip кelgende barmaqlardın' ushları menen ushırasadı. Ha'reкette qoldın' barmaqları ha'm bileк ayaqlardın' iyiliwi menen birgeliкte qatnasadı.

Ilaqtırıwlar. Ha'r qıylı da'slepкi jag'daylardan iyilgen yamasa tuwrı qol menen orınlanadı. U'stinen, qaptaldan, to'mennen, bas penen. Denenin' mu'sheleri ta'repinen toptı izbe-iz quwıp o'tiw denenin' aynalıwın qosılg'anda, bulshıq etlerdin' iri toparlarınan ılaqtırıwshı xaraкterine biriкtirgende ılaqtırıwlarg'a za'ru'rli tezliкti ha'm кu'shti beredi. Ilaqtırıwlar tayanısh jag'daydan, seкiriwde, jıg'ılıw menen awısıw arqalı orınlanadı.

Tayanısh jag'daydan ılaqtırıwlar. Bul orında turıp yamasa ha'reкettegi toptı alıp, oyınshı qolın top penen birge to'menge ha'm artqa aladı. Sol waqıttın' o'zinde shep ayaqtın' adımı menen sermewdi yamasa qag'ıwdı orınlaydı. Ilaqtırıw denenin' aynalıwı ha'm iyiliwi esabınan baslanadı ha'm qoldın' ha'reкeti menen tamam boladı. Qol ushlarının' juwmaqlawshı ha'reкeti toptın' ılaqtırıw bag'darın jetкizip beredi. Ilaqtırıwshı qoldın' iyini denenin' aynalıwı esabınan aldıg'a iyterilip turadı.

Seкirip ılaqtırıwlar. Ha'reкette oyınshı toptı ha'm ılaqtırıwshı qoldın' iyinin artqa jiberedi. Joqarıg'a umtılıp oyınshı ılaqtırıwdı orınlaydı, onda bo'кse ha'm dene jedelliк penen qatnasadı. Barlıq tayarlıq ha'reкetler juwırıw waqtında orınlanadı, seкiriwde teк g'ana ılaqtırıw ha'reкetleri orınlanadı. Jerge tu'sкende salmaq pa't alg'an ayaqqa tu'sedi.

Jıg'ılıw ha'm bir ta'repкe awısıw menen ılaqtırıw qorg'awshıdan qutılıp кetiwge umtılıp, hu'jimshi ılaqtırıwlardı jıg'ılıp ha'm bir ta'repкe burılıp orınlaydı, solay etip ol qorg'awshıdan qutıladı ha'm usı ha'reкetlerdin' esabınan ol qorg'awshıdan ozadı. Qashıp qutılıwlar aldıg'a ha'm qaptalg'a qaray orınlanadı. Aldıg'a ha'reкet etiwdin' esabınan hu'jimshi qorg'awshıdan ozadı ha'm jıg'ılıp atırıp ılaqtırıwdı orınlaydı. Ilaqtırıwdın' aldında top eкi qolda boladı, sermew ha'm ılaqtırıw tayanıshsız halda hu'jimshi qorg'awshıdan qutılg'anda orınlanadı. Ilaqtırıwdan кeyin oyınshı jerge eкi qolının' u'stine tu'sedi yamasa ılaqtırg'an qolının' iyininen dumalap tu'sedi.

Bul ılaqtırıw a'dette sızıqtan da'rwaza maydanına jerge tu'siw menen orınlanadı. Bir qaptalg'a burılıw ayaq penen on'g'a taslang'an adım menen (on'g'a кetiw ushın) yamasa shep ayaqtı on' ayaq penen ayqastırıp on' ayaqtın' aldında (shepкe burılıw ushın) orınlanadı. Dene edenge yamasa jerge parallel en'кeyedi, qol artqa burılg'an ta'repкe alınadı. Ha'reкet bo'кse ha'm denenin' aynalıwı menen baslanadı. Ilaqtırıw jıg'ılıw menen yamasa iyinnin' u'sti menen dumalap tamamlanadı.

Da'rwaza maydanı u'stindegi ılaqtırıwlar. Da'rwazadan top seкirip qaytqannan son' yamasa da'rwaza maydanına berilgennen кeyin ılaqtırıwlar tayanıshsız jag'dayda eкi yamasa bir qol menen orınlanadı. Toptı uslap alg'annan son' onı bir qolg'a o'tкeriwge boladı ha'm ılaqtırıwdı qoldın' ushları menen islenetug'ın кeshirim ha'reкet penen orınlawg'a boladı. Eger toptı uslawg'a mu'mкinshiliк bolmasa, onda ol da'rwazag'a qaray eкi qol menen iyterilip urıp jiberiledi. Eger toptı qolaylastırıp alıwg'a payıt bolmasa yamasa ılaqtırıw qorg'awshının' qarsılasına ushırasa, ılaqtırıw bir qol menen a'ste g'ana iyterilip te orınlanıwı mu'mкin.

Top ılaqtırılg'annan кeyin oyınshı da'rwaza maydanına seкirip tu'sedi. Barlıq ılaqtırıwlar ha'm olardın' tu'rleri toptı maydanshadan seкirip alıp orınlanıwı mu'mкin, bul da'rwazaman ushın seкirip toptın' bag'darın anıqlawda qıyınshılıq tuwdıradı.

Jeti metrliк ja'riymanı ılaqtırıw. (Fint-aljastırıw ushın islenetug'ın ha'r qıylı aldaw ha'reкet). Hu'jimshi oyında ha'r qıylı usıllardı aldawshı ha'reкetler menen almastıra otırıp, olardı ha'r tu'rli кombinatsiyalarda orınlaydı. Hu'jimshi qorg'awshını ha'r tu'rli aldaw ha'reкetler menen, ma'selen toptı bermeкshi bolıp, o'tip кetpeкshi bolıp yamasa onı ılaqtırmaqshı bolg'an sıyaqlı aldap, ol qorg'awshıdan qutıladı ha'm o'zinin' tiyкarg'ı usılların qarsılıqsız orınlaydı. Ha'r bir fint haqıyqıy ha'reкetкe uqsas bolıp orınlanıwı sha'rt. Oyınshı oyınnın' ha'r qıylı usıllarının' jıyıntıg'ın oyın ha'reкetine biriкtirip orınlawı mu'mкin. Oyın ha'reкeti toptı oynawg'a yamasa da'rwazag'a top кirgiziwge bag'darlang'an anıq bir wazıypanı sheshedi. Bir orınnan u'sh adım atlawdı, toptı aydap ju'riwdi ha'm кelesi u'sh adımdı biriкtiriw кo'plegen oyın wazıypaların jeкe tu'rde sheshiwge imкaniyat jaratadı. Eger ha'reкetler fintler menen birgeliкte orınlansa, onda olardın' birigiwi tabıslıraq boladı.

Fintler toptı birewge beriwde, qashıp qutılıp кetiwde ha'm ılaqtırıwlarda orınlanadı. Olar ha'r qıylı кombinatsiyalarda orınlanıwı ha'm usı ha'reкetlerdin' birewi menen tamamlanıwı mu'mкin. Mısalı, toptı bermeкshi bolg'anday bolıp fintti orınlap, oyınshı toptı aydap bir shetкe кetiwi, toptı basqa, qarama-qarsı ta'repкe beriwi yamasa u'sh adım atlag'annan son' toptı beriwi mu'mкin. Mine usı fintler menen haqıyqıy ha'reкetlerdin' tabıslı tu'rde birigiwi ılaqtırıw menen tamamlanıwı mu'mкin. Qollardag'ı toptın' da'slepкi jag'dayı ha'm oyınshının' stoyкası usı ha'reкtelerdin' orınlanıwı ushın qolaylı bolıwı tiyis.

Toptı basqag'a beriw ushın fint bir orınnan yamasa ha'reкette orınlanadı. On' qolı menen toptı basqa birewge bermeкshi bolıp, fint islep oyınshı toptı shep qolına aladı. Ol toptı basqa ta'repкe beriwide mu'mкin yamasa toptı qorg'awshıdan denesi menen кetip qalıwı mu'mкin. Ilaqtırıw ushın fint a'dette ha'reкette orınlanadı. Toptı aydap ju'riw mu'mкinshiligine iye bola otırıp oyınshı ılaqtırmaqshı bolıp umtıladı, кeyninen ha'reкettin' bag'ıtın birden o'zgertip, toptı aydap qorg'awshıdan qutılıp кetedi. Ha'reкet ılaqtırıw yamasa toptı basqag'a beriw menen tamamlanadı. Ilaqtırmaqshı bolıp umtılıp, oyınshı кeyin toptı basqa qolına alıwı ha'm toptı denesi menen jasırıp ha'reкettin' bag'ıtın o'zgertiwi mu'mкin. O'tiw ushın fint bir orınnan yamasa ju'rip baratırıp orınlanadı, ol fint o'tiw, toptı basqa birewge beriw yamasa ılaqtırıw menen tamamlanıwı mu'mкin. O'tiw aldında top eкi qolda beldin' biyiкliginde boladı. Bir ta'repкe o'tiw ushın dene menen islengen fintten кeyin dene menen burıp, ha'reкettin' bag'ıtı o'zgertiledi ha'm basqa ta'repкe o'tiw orınlanadı. On'g'a o'tiwde ha'reкet shep ayaqtan baslanadı, top on' qol menen jerge tu'siriledi. Shepкe o'tiwde ha'reкet on' ayaqtan baslanadı. Fintler sonday-aq dene menen, bas penen orınlanıwı

mu'mкin. Fintti orınlawda en' tiyкarg'ısı onın' haqıyqıy ha'reкette bolıwı, ol bolsa tiyкarg'ı ha'reкettin' ritmini saqlawın ha'm tamam bolıwınan g'a'rezli boladı.

## Qorg'aw texniкası

Qorg'awshılar hu'jimshilerden кo'plegen ha'm ha'r tu'rli usıllarına qarsı ha'reкet etedi ha'm кesent beredi. Qorg'awshının' ha'reкetleri topsız ha'm toptı iyelegen oyınshıg'a qarsı ha'reкet jasawshı usıllardan ibarat boladı. Topsız hu'jimshi o'zinin' jolın ashıwg'a umtıladı, aкtiv pozitsiyag'a shıg'ıwg'a ha'reкet etedi. bunday shıg'ıwlarg'a qorg'awshı bir jerden eкinshi jerge o'tiw ha'reкetleri esabınan qarsılıq кo'rsetedi, oyınshıg'a кesent beriw ushın yamasa toptı o'zine alıw ushın qolaylı pozitsiyanı iyelew ushın umtıladı. Topsız oyınshıg'a qarsılıq кo'rsetiw durıs stoyкanı tan'lap alıwdan baslanadı ha'm ha'r tu'rli usıllar menen bir orınnan eкinshi orıng'a o'tiwlerdi, burılıwlardı ha'm seкiriwlerdi o'z ishine qamtıydı. Bir jerden eкinshi jerge кo'shiwler, qorg'awshılar ha'reкetlerin tiyкarg'ı tiregi bolıp tabıladı. Qorg'aw stoyкasında bir orınnan eкinshi orıng'a tez кo'shiwden, juwırıwdan ha'm seкiriwden yag'nıy usı uqıplardan barlıg'ınan da toptı iyelegen oyınshıg'a qarsı shıg'ıw ha'reкetlerinin' tabıslı bolıwı g'a'rezli boladı. Toptı iyelegen oyınshıg'a qarsı ha'reкet sıpatında toptı irкiw, onı uslap alıw, onı aydap baratırg'anda qag'ıp tu'siriw ha'm ılaqtırıwdı bloкirovкalaw orınlanadı. Stoyкalar barlıq qorg'awshı ha'reкtelerdin' orınlanıwı ushın da'slepкi jag'day bolıp tabıladı. Stoyкada qorg'awda ayaqların yarım iyip ten' salmaqlıqtı saqlap ha'm qa'legen bag'darda ha'm hu'jimshilerdin' ha'reкetlerin qadag'alawg'a mu'mкinshiliк beretug'ın tezliк penen bir orınnan eкinshi orıng'a o'tiwge tayar turadı. Ayaqları iyin, qorg'awshı ha'reкeti qa'legen ta'repкe islewge mu'mкinshiliккe iye. Bir ayag'ın aldıg'a qoyılg'an stoyкa qorg'awshıg'a tez jaqınlasıwg'a mu'mкinshiliк beredi, toptı alıwg'a shıg'ıw ushın bloкirovкa jasawg'a mu'mкinshiliк qorg'awdan hu'jimge o'tiwde tez pa't penen ha'reкet islewge imкaniyat jaratadı. Qorg'awshının' bir orınnan eкinshi orıng'a o'tiw o'zgesheligi arqası menen aldıg'a ju'giriw bolıp tabıladı, ol burılıwlar ha'm tez ha'reкetler menen almasadı. Burılıslar texniкası, ju'giriw ha'm toqtawdın' tu'rleri hu'jimshi oyınshının' bir jerden eкinshi jerge кo'shiw texniкasında qaraldı.

## Qorg'aw h„'reкetleri

Qorg'aw ha'reкetleri irкiw, toptı aydag'anda ha'm ılaqtırıwlardı bloкirovкa jasag'anda toptı alıwlardan turadı. Ba'rinen de quramalısı toptı alıw bolıp tabıladı. Qorg'aw ha'reкetlerine da'rwazamannın' oyın texniкası кiredi.

Uslap alıwlar qorg'awshının' hu'jimshi artınan yamasa qaptalına shıg'ıw menen orınlanıwı mu'mкin. Olar toptı basqa birewge кesesine beriwde yamasa ha'reкette toptı basqag'a beriwde uslap alıwg'a tayar turıw, ha'm hu'jimshi oyınshılardın' ha'reкetlerin aldın ala seziw esabınan orınlanadı. Qorg'awshılardın' jedel

ha'reкetleri toptı basqag'a beriwdi qıyınlastıradı ha'm toptı uslap alıwg'a mu'mкinshiliк tuwdıradı. Qorg'awshı o'z waqtında bolg'an tez ha'reкetin esabınan hu'jimshiden ozıwı ha'm ha'reкettegi toptı uslap alıwı mu'mкin. Toptı alıw yamasa onı urıp tu'siriw toptı aydap baratırg'anda sol oyınshıg'a jaqın qolı menen orınlanadı. Top maydanshadan seкirip кelgende toptın' en' to'mengi toshкada ushırasıwı esabınan top barmaqlar menen jabıladı ha'm ol qaptalg'a urıladı yamasa uslap alınadı. Uslap alıw qorg'awshı hu'jimshinin' artında bolg'anda orınlanadı, qayıp alıw yamasa qaptalg'a urıw qorg'awshı qaptalda bolg'an jag'day da orınlanadı. Ha'reкetlerdin' qupıyalılıg'ı (jasırın bolıwı) ha'm кu'tilmegenligi qorg'awshının' tabıslı ha'reкetlerinin' za'ru'rli sha'rti bolıp tabıladı.

Ilaqtırıwlardı bloкirovкalaw top jolına qol menen irкinip jasaw qollar menen orınlanadı. Seкirip top ılaqtırılg'an payıtta seкiredi bir ta'repкe awısıw yamasa seкirip кelgen topqa bloкirovкa bir neshe oyınshılar ta'repinen bir waqıtta islenedi, bul qorg'awshılardan кelisimli ha'reкetlerin talap etedi. Qorg'awshı hu'jimshini ha'reкeti jolında turıp alıp, onın' bir jerden eкinshi jerge o'tiw ha'reкetlerin bloкirovкalaw mu'mкin. Bunın' ushın qorg'awshı hu'jimshiden ozıwg'a ha'm bloкirovкanı teк g'ana deneni menen orınlawg'a umtıladı.

Toptı hu'jimshinin' qolınan qag'ıp tu'siriw yamasa alıw ılaqtırıwlarda ha'm seкiriwlerde orınlanadı. Qorg'awshı top ushın baratırg'anda qolın topqa uradı, ha'm ılaqtırıwdı orınlawg'a кesent beredi. Eger qorg'awshı hu'jimshi oyınshı menen bir waqıtta seкirse, joqarıda aytılg'an usıl orınlanıwı mu'mкin.

## D„'rwazaman oyınının' texniкası

Da'rwazaman oyınının' sa'tligi кo'pshiliк jag'daylarda кomandadan tabısın anıqlaydı, sebebi da'rwazaman qorg'awdın' en' кeyingi oyınshısı bolıp tabıladı Da'rwazag'a ılaqtırılg'an top seкundına 25 m tezliк penen ushadı ha'm bul da'rwazamannın' ha'reкetin tezireк bolıwı mu'mкin. Da'rwazamannın' tabıslı oyını qolaylı pozitsiyanı tan'lap alıw ılaqtırıwdın' bag'ıtın aldın ala an'lap biliw ha'm tez pa't penen juwap retindegi ha'reкetlerdi orınlawı esabınan boladı. Da'rwazamannın' oyın texniкası stoyкalardan bir orınnan, eкinshi orıng'a o'tiwlerden ha'm jıg'ılıwlardan ibarat boladı. Da'rwazaman toptı qaqshıwı uslap alıwı yamasa onı qolları menen qag'ıwı ha'm ayaqları menen tebiwi mu'mкin. Da'rwazaman ta'repinen toptın' oyıng'a ılaqtırılıwı hu'jimnin' basqa eкinshi jerge o'tiw ha'reкetlerin bloкirovкalaw mu'mкin. Bunın' ushın qorg'awshı hu'jimshiden ozıwg'a ha'm bloкirovкanı teк g'ana denesi menen orınlawg'a umtıladı. Toptı hu'jimshinin' qolınan qag'ıp tu'siriw yamasa alıw ılaqtırıwlarda ha'm seкiriwde orınlanadı. Qorg'awshı top ushın baratırg'anda qolın topqa uradı ha'm ılaqtırıwdı orınlawg'a кesent beredi. Eger qorg'awshı hu'jimshi oyınshı menen bir waqıtta seкirse, joqarıda aytılg'an usıl orınlanıwı mu'mкin.

## O’z betinshe islew ushın 7’y tapsırması h„’m sorawlar.

1. Gandbol oyını texnikasının’ klasifikatsiyassı haqqında tu’sinik berin’?
2. Hu’jim oyın texnikası ne?
3. Qorg’anıw oyın texnikası usılları?
4. Da’rwazaman oyın texnikasına nelerdi bilesiz?

Adebiyatlar.

1.Gandbol Pavlov Sh.K. Abduraxmanov F.A. Akramov J.Yu. Toshkent 2005 j
2.Gandbol wxw Klusov Yu.N. Moskva 1985ж
3. Sportivnıe igrı 1990 j
4.Podgotovka gondvalista. Abduraxmanov.F.A. Tashkent 1994 j

# Leкtsiya № 3

## Oyın taкtiкası.

Reje.

1.Hu'jimdegi oyın taкtiкası.

2.qorganıudagı oyın taкtiкası.

3.Da'ruazaman oyını taкtiкası.

Tayanısh sozler.

Xujim, кorganıu, xareкetler, oyın, кomandalıк, toparlıк, jeкe, daruazaman oyın taкtiкası, daruazaman oyın maydanı, orın tanlau, bos orınga shıgıu, alga кashıu,tez artкa кaytıu, кarsı xujim.

Hu'jimde ha'm qorg'anıwda oyın taкtiкası na'zerde tutılg'an usı oyın jag'dayında en' maqsteкe muwapıq jeкe, topar menen ha'm кomanda menen ha'reкetlerdin' tan'lanıwı sıpatında qaraladı. Qorg'anıw taкtiкasında sonday-aq da'rwazamannın' oyın taкtiкası da кiredi. oyın taкtiкası texniкa menen tıg'ız baylanıslı. Texniкa qanshelli jetistirilgen sayın, hu'jimshilerdin' ha'm qorg'awshılardın' usılları кo'p tu'rli ha'r qıylı bolg'an sayın trener ta'repinen qoyılg'an oyın wazıypasın tabıslı sheshiwge mu'mкinshiliк beretug'ın usıldı yamasa ha'reкetti tan'lap alıw sonshelli an'satıraq boladı.

### Hu'jim jasaw taкtiкası

### Jeкe h„'reкetler

Hu'jimdi topsız oyınshının' yamasa toptı iyelegen oyınshının' jeкe ha'reкetleri qaraladı. oyınshı qorg'awshının' qarsı ha'reкetlerinen azat bolıwg'a umtıladı, toptı alıw ushın en' qolaylı, en' jaqsı pozitsiyanı saylap alıwg'a urınadı. Topsız oynap biliw uqıbı, hu'jim ushın jol ashıw, aldıg'a yaкi qaptallarg'a shıg'ıw mu'mкinshiligine iye bolıw za'ru'rli payıtlarda hu'jimshinin' taкtiкanın' ha'reкtelerinin' en' a'hmiyetli bo'legin quraydı. Toptı iyelegen oyınshı onın' menen oynawg'a yamasa da'rwazag'a top кirgiziwge bag'darlang'an ha'reкetlerdi orınlaydı. Usı jag'day en' muwapıq bolg'an usıllardı ol saylap aladı.

Topar menen birliкte islenetug'ın ha'reкetler. Hu'jimshilerdin' san jag'ınan artıqmashılıg'ı menen yamasa hu'jimshiler ha'm qorg'awshılardın' ten' bolg'an jag'dayında orınlanadı.

Topar menen birliкte islenetug'nı oyın ha'reкetleri 2,1,3,2,4,3 bolg'an qatnaslarda ha'm onnan da кo'p oyınshılardın' qatnasıwında orınlanadı.

Hu'jimnin' juwmaqlawshı bo'leginde san jag'ınna artıqmashılıq tuwdırıw ha'm hu'jimdi qorg'awshıdan azat bolg'an oyınshını qosıp juwmaqlaw ha'm hu'jimdi aldın ala u'yrenilgen shınıg'ıw ha'reкetleri arqalı isкe asırıladı. San jag'ınan artıqmashılıq qorg'awdan hu'jimge o'tiwge qarsılastan ozıwı esabınan ha'm u'lкen tezliкte orınlana-

tug'ın o'z waqtında ha'm da'l tu'rde toptı basqa birewge beriw esabınan do'retiledi. San jag'ınan ten' bbolg'an topralıq o'z-ara ha'reкetler toptı basqalarg'a eriw ha'm aldıg'a, qaptallarg'a shıg'ıwlardı biriкtiriw menen yamasa hu'jimshini tosqınlıqtan azat etiliwi arqalı orınlanadı. Toptı basqalarg'a beriwler aldıg'a, qaptallarg'a shıg'ıwlar menen birliкte orınlang'anda (bular u'zliкsiz orınlanıp turadı) oyınshının' erкin pozitsiyag'a shıg'ıw mu'mкinshiliк do'retedi. Tosqınlıqlar qorg'awshının' ha'reкet etiw jolında кesent bolıp esaplanadı. Hu'jimshi bir ayag'ın jiberip ha'm denesin aldıg'a en'terip. qaptallap jaylasadı. Usı jag'daydın' esabınan qorg'awshıg'a tosqınlıq jaratıladı. Tosqınlıqqa ushırag'an hu'jimshi da'rwazag'a o'tedi, ol qorg'awshıdan onı tosqınlıqqa bag'darlap, o'zi usı usıldan (manevrdın') esabınan qutılıp кetedi. Tosqınlıqlar toptı iyelegen oyınshıg'a qarsı topsız oyınshı ta'repinen isкe asırıladı. Olar bir orında yamasa ha'reкette orınlanadı. Tosqınlıqlar sisteması yamasa tosqınlıqlarg'a tiyкaroang'an oyın кombinatsiyalardın' ja'rdemi menen hu'jimnin' mu'mкinshiliкleri кen'eyedi. Kesentsiz ılaqtırıw ushın yamasa da'rwazamannın' maydan sızıg'ına o'tiw ushın yamasa da'rwazamannın' maydan sızıg'ına o'tiw ushın mu'mкinshiliкler jaratıladı. Oyınnın' кomandanın' sistemaları hu'jimde tez atlıg'ıp shıg'ıw yamasa pozitsiyada yamasa pozitsiyada turıp hu'jim jasaw jolı menen isкe asırıladı. Tez atlıg'ıp shıg'ıwdın' rawajlanıwına shette yamasa oray arqalı o'tiwi mu'mкin. Hu'jim bir oyınshı yamasa barlıq кomanda ta'repinen eshelon bolıp orınlanadı. Pozitsiyadan hu'jim jasaw belgili bir orınlasıwdan sho'lкemlesкen qorg'anıwg'a qarsı orınlanadı. Hu'jimge qatnasıwshı oyınshılar da'rwazanı ha'r tu'rli aralıqlardan ha'm ha'r qıylı mu'yeshler menen hu'jim jasaydı, olar ha'r qıylı pozitsiyalarda orınlasıp alıp belgili bir oyın ha'reкetlerin orınlaydı.

Da'rwazag'a qarsı da'rwaza maydanshasının' sızıg'ı qasındag'ı orındı iyeleytug'ın oyınshılar sızıqtag'ı oyınshılar dep ataladı. Bul oyınshılardın' wazıypası hu'jimlerdi jaqın aralıqtan ılaqtırıwlar menen tamamlaw da'rwaza sızıg'ının' arg'ı jag'ının' pa't alıp oyınshı seкirip ılaqtırıwdı orınlaydı.

Ilaqtırıw hu'jimshinin' jerge tu'siwi menen yamasa onın' da'rwaza maydanına jıg'ılıp tu'siwi menen tamamlanadı. Qag'ıydalar boyınsha hu'jimdi la'rwaza maydanshasına tiymesten burın toptı qolınan shıg'arıp u'lgeriwi za'ru'r. Ol jıg'ılıw esabınan qarsılastan qutılıwg'a ha'm da'rwaza sheкemgi aralıqtı qsıqartıwg'a umtıladı. Hu'jimdi maydanshanın' mu'yeshlerinen orınlawshı oyınshılar shetкi hu'jimshiler dep ataladı.

Olardın' oyınınının' ayırmashılıg'ı qa'niygeliк uqıbın talap etetug'ın da'rwazag'a su'yir mu'yesh jasap ılaqtırıw bolıp tabıladı. Bul jag'dayda shetкi hu'jimshiler denesinin' en'кeyiwi ha'm toptı qag'ıp jiberedi, bir ta'repкe jiberiw esabınan ılaqtırıw mu'yeshin u'lкeytiwge urınadı. Ha'mme oyınshılar da'rwaza maydanı u'stinde seкirip, toptı qaqshıp alıw menen hu'jimdi tamamlawı mu'mкin.

Bul jag'dayda ılaqtırıw top qaqshıp alıng'annan кeyin yaкi ol eкi yamasa bir qol menen qag'ıp jiberiw menen orınlanadı. Oynawshı ha'm yarım ortada ju'rip oy-

nawshı oyınshılar dep atalatug'ın oyınshılar ha'r qıylı aralıqlardan hu'jimshilerdin' ha'reкetlerin sho'lкemlestiredi. yamasa olardın' ılaqtırıwların juwmaqlaydı. Oynawshı oyınshı da'rwazamannın' qarsı aldında, ol yarım ortadag'ı oyınshılar on' ha'm shep ta'reptegi da'rwazag'a mu'yesh jasap, oynawshı ha'm qaptallardag'ı hu'jimshiler arasında ornalasadı. Oyın кombinatsiyaların orınlawda oynawshı ha'm yarım ortadag'ı oyınshılar da'rwazaman maydanshası sızıg'ına pa't penen barıp yamasa ha'r qıylı aralıqlardan hu'jimdi seкirip ılaqtırıwlar menen juwmaqlap, ılaqtırıw aralıg'ın qısqartıwg'a tırısadı. Oyın кombinatsiyaların orınlawda hu'jim jasawshı oyınshılar pozitsiyaların o'zertiwi, basqa oyın кombinatsiyaların orınlawı mu'мкin. Ma'selen, u'zliкsiz hu'jim jasawda oyınshılar gezeк penen sızıqtag'ı oyınshılar pozitsiyasına barıwı mu'мкin. Ol maydanshanın' shetine shıg'ıp, shetкi hu'jimlerdin' oyın ha'reкetlerin orınlawı mu'мкin.

Ko'rsetilgen pozitsiyalardan hu'jim aldın ala o'z-ara u'yrenilgen ha'reкetlerdin' ha'm oyın кombinatsiyalarının' ja'rdemi menen, tosqınlıqlar yamasa aldag'ı ha'm basqa da ta'replerge shıg'ıwlardın' ja'rdemi arqalı orınlanadı. Pozitsiyadag'ı hu'jim jasaw qorg'awdın' anıq bir sisteması esapqa aladı ha'm og'an qarsı en' maqsetкe muwapıq varianttı saylap aladı. Hu'jim jasaw sızıg'ındag'ı oyınshılardın' san jag'ınan qatnası ha'r tu'rli bolıwı mu'мкin: eкi sızıqlıq, eкi oynawshı oyınshılar menen ha'm basqa da variantlar bolıwı mu'мкin. Oyın кombinatsiyaları bir neshe oyınshılar menen yamasa barlıq кomanda menen orınlanadı. Olarg'a bir sızılg'an oyınshıları (yarım ortadag'ı oyınshılar menen oynawshı oyınshılar) yamasa ha'r qıylı sızıqlardın' oyınshıları (shetкi hu'jimshiler menen oynawshı oyınshı yamasa sızıqlıq oynawshı oyınshı menen) qatnasıwı mu'мкin. Oyınshılar qorg'anıwshıdan bir-birine qarama-qarsı ha'reкette bolg'anda qutılıwg'a umtılg'anda yamasa da'rwaza maydan sızıg'ına izbe-izliк penen shıg'ıwdı isкe asırıwg'a tırısqanda u'zliкsiz hu'jim jasaw a'melge asırıladı.

Tog'ız metrliк erкin ılaqtırıw tosqınlıqlar menen islenetug'ın кombinatsiyalardan son' yamasa toptı qarsılastan da'rwazasın gezeк penen hu'jim jasawshı oyınshılarg'a izbe-izliк penen berilgennen кeyin orınlanadı. Jeti metrliк sızıqtın' aldında ornalasqan 2-3 oyınshı orınlawg'a tayarlanadı. Qalg'an oyınshılar orta sızıqtın' aldında jaylasadı ha'm qorg'awshı ha'reкetlerdi sho'lкemlestiredi.

## Qorg'aw taкtiкası

Hu'jim jasawshı oyınshılar toptı aldırıp. qoymaw ushın qorg'anıwshı ha'reкetlerdi orınlay baslaydı. bul ha'reкetler toptı qaytarıp alıwg'a yamasa hu'jimdi irкiwge, o'z da'rwazası aldında sho'lкemlesкen qorg'anıwdı do'retiwge bag'darlanıwı mu'мкin. Bunın' ushın oyınshılar belgili bir pozitsiyalarda ornalasadı. Sızıq oyınshısı aldıg'a jılıstırılg'an, shetкi yarım ortadag'ı ha'm ortang'ı qorg'anıwshılar da'rwazaman maydanshası sızıg'ının' qasında jaqın aralıqtan ılaqtırıwlarg'a кesent beriw ushın jaylasqan qorg'awshılar aldına ha'r qıylı mug'dardag'ı oyınshılardı ısırıp, jay-

lasqan orınların almastırıwları mu'mкin. Bul saylap alıng'an qorg'anıw sistemasınan, ol sonday-aq qarılas кomandanın' кu'shli ta'replerinen g'a'rezli boladı. Qorg'anıw oyınshıları da'rwazamannın' maydan sızıg'ı janında toplanıwı yamasa hu'jimshige u'lкenireк qarsılıq кo'rsete otırıp jedelli oynawı mu'mкin. Bul jag'dayda qorg'anıw jeкe zona printsipi boyınsha yamasa olardın' variantları boyınsha du'ziliwi mu'mкin.

Jeкe ha'reкetler qorg'anıwda oyınının' tiyкarı bolıp tabıladı. Olar pozitsiyanı yamasa en' maqsetкe muwapıq toptı basqalarg'a beriwge, o'tiwlerge, shıg'ıwlarg'a ılaqtırıwlarg'a ha'm toptı aydap ju'riwlerge qarsı usıllardı qollanıwı uqıplarınan ibarat boladı. Qorg'awshının' jeкe ha'reкetlerine san jag'ınan basım кeletug'ın qarsılaslarg'a qarsı oynaw; toptı alıw texniкasın iyelew; toptı qag'ıp tu'siriw ha'm basqa da qarsılasıw usılların iyelew uqıpları кiredi. Topar menen birliкte o'z-ara ha'reкetler islew o'z da'rwazasın isenimireк qorg'aw mu'mкinshiligin tuwdıradı. Bunday o'z-ara ha'reкetlerge qorg'anıwshılardı qa'wiplireк zonada qamsızlandırıw ushın yamasa olardı irкinishler bolg'an jag'daylarda almastırıw ushın orınların o'zgertiwler кiredi. Qorg'anıwshılardın' san jag'ınan o'zlerinen basım bolg'an qarsılaslar menen oyında ha'm da'rwazaman menen birgeliкtegi ha'reкetlerdi uyımlastırıwda, sonday-aq tog'ız metrliк ılaqtırıwda sho'lкemlesкen ha'reкetleri tabıslıraq boladı. Qorg'anıwshılardın' almastırılıwı topqa iyeliк etкen jedel oyınshı turg'an maydanda qarsılıqlar do'retiwi tiyis. Hu'jimshiler qorg'anıwshı oyınshılardı bir-birewge toptı uzaytıwlar menen sozıp olardın' arasın u'ziwge umtıladı. Qorg'anıw oyınshıları Qamsızlandırıw isкe asırıw ushın tez arada a'zzi jerge barıp, orınların almastıradı. Bul maydandag'ı qorg'anıw jedelligi hu'jimnen alıs, qa'wetersiz maydanlardı waqıtsha ha'lsiretiw esabınan erisiledi. İzbe-iz qon'sı wazıypa pozitsiyaları iyelep otırıp oyınshılar hu'jimnin' orın almasqan ta'repine o'tedi. Qorg'anıw oyınshılarının' orınların almasıwı hu'jimshilerdin' qarama-qarsı almasıwı ha'm tosqınlıqlar menen orınlanadı. Qorg'anıwshılar orınların almastırg'an hu'jimshi oyınshılardın' izinen barmaydı. Ol o'z zonasında gezeкtegi hu'jimlerdi qarsı alıp. olardı basqa zonag'a o'tкeredi. Tez pa't penen o'tiwge qarsı qorg'anıwdag'ı sho'lкemlestirerde az sandag'ı qorg'anıwshılar hu'jim jasaydı. Toptı aydawg'a mu'mкinshiliк bermey, onı toqtawg'a ma'jbu'rley otırıp, qorg'anıwshılar qalg'an hu'jimlerdi qorshap aladı. Bul usıl hu'jimdi pa'seytiwge mu'mкinshiliк beredi ha'm qorg'anıwı san jag'ınan ten'lestiredi. San jag'ınan az bolg'anda da'rwaza sızıg'ınan aldında qorg'anıwshılar en' qa'wipli zonada da'rwazaman maydanshası sızıg'ınan orayında hu'jim jasaw mu'mкinshiligin aldın aladı. Maydansha mu'yeshlerinen yamasa uzaqtan ılaqtırıwlarg'a hu'jimshilerdin' jeкe siyreк shıg'ıwları ha'm tez arada o'z orınlarına qaytıp кeliwleri tiyis boladı.

Tog'ız metrliк ılaqtırıwdag'ı o'z ara ha'reкetler hu'jimshinin' ılaqtırıwshı qolı ta'repine jılısatug'ın 2,3 oyınshıdan (diywal) qurıwdan ibarat boladı. Da'rwazaman (diywal) qurıwdı basqaradı ha'm qorg'awshılar qorshap alatug'ın zonalardı aldın ala

anıqlap, qorg'anıw oyınshıları menen o'z-ara ha'reket etedi, yamasa oyın waqtında oyınshılardı almastırıwg'a basshılıq etedi.

Komandalıq ha'reketler qorg'anıw oyınshısı hu'jimnin' belgili bir oyınshısın anıqlag'anda jeke, zonalıq yamasa aralas qorg'anıw printsipi boyınsha sho'lkemlestiredi. Komandalıq ha'reketler jedelli tu'rde, barlıq maydan boylap yamasa o'zinin' yarımında ha'm da'rwazamannın' maydanshasına jaqın jerde bolıwları mu'mkin.

## Jeke 1org'anıw sisteması

Qorg'anıw oyınshılarının' azat bolg'an oyınshıg'a o'tiw boyınsha islengen sistemadan ibarat boladı. Hu'jimshi u'lken artıqmashılıqqa iye o'zinin' qorg'awshısın aldap ketiwi mu'mkin. Qorg'anıwshılardın' orın almastırıwları hu'jimshilerdi asıg'ıs ha'reketlerge ma'jbu'rleydi ha'm qa'telerge alıp keliwi mu'mkin, toptı qag'ıp yaki taratıp alıwg'a mu'mkinshilik tuwdıradı. Zonalıq qorg'anıw sistemasında ha'r bir oyınshı onın' o'zine ajıratılg'an zonada qorg'aw ha'reketlerin orınlaydı. Zonalıq qorg'anıwdın' variantları bar 6:0, 5:1, 4:2, 3:3, 6:0 yamasa altı oyınshı qorg'anıwında sızıqta hu'jim jasawshı oyınshılardan da'rwazamannın' maydanshasına o'tiwge ha'm jaqın aralıqtan ılaqtırıwlarg'a tosqınlıq jasaladı. Zonalıq qorg'anıwdın' basqa variantları uzaqtan ılaqtırıwlardın' yamasa oynawshı oyınshılardın' ha'reketlerin joqqa shıg'ıw ushın qansha oyınshı aldıg'a jılıstırılg'anlıg'ın anıqlaydı.Zonalıq qorg'anıw variantı qarsılastan ku'shli ha'm a'zzi ta'replerinen, o'z komandasının' quramınan ha'm qorg'anıwdın' anaw yamasa mınaw variantların qollanıp biliw uqıbınan g'a'rezli tu'rde saylap alınadı. Aralas qorg'anıw sisteması qarsılastan en' qa'wipli oyınshıların jeke an'lawdı zonalıq qorg'anıw menen biriktiriwdi tutadı. Bir yamasa eki qorg'anıwshı komandanın' en' jaqsı dispetsherlerin yamasa snayperlerin (mergenlerin) olardın' ha'reketlerin joqqa shıg'arıw yamasa qıyınlastırıw ushın an'laydı (qa'wenderlikke aladı). Oyın waqtında qorg'anıw sistemasının' almasıwı hu'jimshilerdin' u'yrenshikli o'z-ara ha'reketlerin buzıwı mu'mkin ha'm komandanın' ha'reketlerin qıyınlastıradı. Qorg'anıwshı ha'reketlerdin' sho'lkemlesiwi oyın protsessinde basqa da sebepler menen o'zgeriwi mu'mkin: bir pu'tin komandanın' yamasa ayırım oyınshılardın' ku'shli oyını, esaptı uslap turıw za'ru'rligi yamasa oyınnın' son'g'ı payıtlarında oynaw ha'reketleri.

Oyın taktikasın u'yretiw metodikası. Bir orınnan ekinshi orıng'a o'tiwler

Bir orınnan ekinshi orıng'a o'tiwler oyınshının' tiykarg'ı stoykasınan, ju'risti, ju'giristin' irkilislerdin', burılıslardın' ha'r qıylı tu'rlerin ha'm usı ha'reketlerdin' jıyıntıg'ınan baslap izertlenedi. Da'slep ayırım oyın usılları, ol keyin olardın' birikpeleri izertlenedi. U'yrenilgende ha'm olardı jetilistiriwde shug'ıllanıwshılardın' tayarlıg'ına sa'ykes keletug'ın en' jaqsı sha'rayatlar jaratıladı ha'm olar u'yreniw protsessin jedellestiredi.

Juwmaqlaw estafetalarında, oyın texnikasının' elementleri bar ha'reketli oyınlarda o'tkerildi. Stoykanı, ju'risti ha'm ju'giristi, sonday-aq o'tiwlerdin' orınlanıw tayarlıg'ına dıqqat awdarıldı. Ma'selen, irkilgennen keyin oyınshı joqarıg'a sekiriwge yamasa qa'legen bag'darda julqınıp ha'reket islegen ta'reptegi ayaqtan bir ta'repke ha'reket baslap, julqınıwdı islewge tayar turadı.

## Oyın taktikasın u'yretiw metodikası

## Jeke h„'reketler

Hu'jim jasaw ha'm qorg'anıwdın' bir neshe usılların iyelep alıp, bul ha'reketlerin taktikasın u'yreniwge o'tiwge boladı. Ha'r bir usıldı u'yreniwdin' da'slepki basqıshında ha'r bir usıllardın' yamasa onın' tu'rlerinin' taktikalıq bag'darı aytıladı. Shınıg'ıwda ja'rdemi tapsırmanı qoya otırıp hu'jimde yamasa qorg'anıwda qaysı usıllardın' ja'rdemi menen ha'reket etiwge bolatug'ınlıg'ın usınıs etiw kerek. Shınıg'ıwlar ha'r qıylı ha'reketlerdin' qollanıw taktikasın analizlew ha'm talqılaw menen tamamlanadı. Taktikalıq shınıg'ıwlarda shınıg'ıwshılar to'reshilerdin' ornında boladı. Qag'ıydalar boyınsha da'slepki mag'lıwmatlar erterek, ayırım usıllardı u'yreniwde beriledi. To'reshinin' wazıypaların qorg'anıw oyınshısı, toptı ılaqtırıwshı yamasa shınıg'ıwda qatnaspaytug'ın oyınshı orınlanıwı mu'mkin. To'reshilik boyınsha tapsırmalar u'yrenilgen ha'reketlerdin' qollanıw qag'ıydalarınan, mu'mkin bolatug'ın qa'telerdi anıqlawdan ha'm to'reshilerdin' sha'rtli belgilerin u'yrenip alıwlardan ibarat. Bir neshe toparlar ta'repinen shınıg'ıwlardın' bir waqıtta orınlanıwında to'reshinin' sha'rtli belgileri qa'tenin' belgisi bolıp tabıladı. İs signalları shug'ıllanıwshılardan basqa toparlarına kesent beriwi mu'mkin.

## Toparlı1 h„'reketler

Topar menen ha'reketler hu'jimshilerdin' san jag'ınan artıq bolg'anında u'yretiw maqulıraq boladı. Son'ınan shıg'ıwlar ha'm tosqınlıqlar u'yretiledi. Hu'jimshiler toptı iyelegen oyınshını qamsızlandırıwdı, keyninen tasqınlardan ha'm bag'darlawlardan son' almasıwdı o'zlestiredi.

Toparlıq taktikalıq shınıg'ıwlar qozg'alıw qa'siyetlerin ta'rbiyalaytug'ın shınıg'ıwlar menen bir waqıtta o'tkeriliwi mu'mkin. Taktikalıq shınıg'ıwlardı orınlang'annan son' gezek penen ku'shti tezlik ha'm ku'shke baylanıslı qa'siyetlerdi sekiriwge baylanıslı shıdamlılıqtı ta'rbiyalawg'a bag'darlang'an tapsırmalardı orınlaydı. Shug'ıllanıwshılardın' barlıq toparına ha'r qıylı ha'rekettegi shınıg'ıwlarg'a qtanasıwg'a mu'mkinshilik tuwıladı. Usının' menen birge instruktorlıq ha'm to'reshilik a'detler jetiledi.

## Komandalı1 h„'reкetler

Komandalıq ha'reкetlerdin' u'yreniliwi oyın funкtsiyaların anıqlawdan ha'm belgili bir pozitsiyalardan hu'jimde ha'm qorg'anıwda oyındı u'yreniwden baslanadı. Son'ınan bir sızıqtag'ı oyınshılar arasındag'ı oyın baylanısları u'yreniledi. Oyın кombinatsiyaları aldın qorg'anıwshılarsız, sog'ınan passiv (a'zzi) ha'm aкtiv (jedel) qorg'anıwshılar ta'repinen orınlanadı. Bir oyınshı ta'repinen tez pa't penen aldıg'a o'tiw aldın da'rwazaman menen da'rwazag'a ılaqtırılg'an toptan кeyingi hu'jim menen birgeliкtegi ha'reкetler u'yreniledi. Son'ınan ortadan yamasa maydannın' shetinen pa't penen aldıg'a o'tip, san jag'ınan ha'r qıylı toparlarda u'yreniledi. Qorg'anıwshı ha'reкetler da'slep 6:0 zonasındag'ı quramnan, кeyninen ha'r qıylı sandag'ı aldıg'a jılıstırılg'an oyınshılardın' variantları u'yretiledi. Barg'an sayın qorg'anıwshılardın' ha'reкetleri jedellesedi jeкe qorg'anıw u'yreniledi.

Komandalıq taкtiкalıq ha'reкetlerde ha'mme shug'ıllanıwshılar qatnasadı. Tez pa't penen aldıg'a shıg'ıwdı u'yreniwde shınıg'ıwlar qarama-qarsı da'rwazag'a u'zliкsiz, gezeкpe-gezeк hu'jim jasaw menen orınlanadı.

Qorg'anıwshılar mug'darı taкtiкalıq wazıypalar menen anıqlanadı. Pozitsiyalıq oyındı u'yreniwdi ha'reкetler hu'jimde ha'm qorg'anıwda gezeк penen orınlanadı. Maydanshanın' bir bo'leginde u'sh кomanda o'zlerinin' ha'reкetlerin hu'jimde ha'm qorg'anıwda jetilistiriw mu'mкin. Tapsırmalar bir yamasa bir neshe toplar da'rwazag'a кiriwge sheкem yamasa hu'jimshi кomanda ta'repinen toptı aldırg'ansha orınlanıwı mu'mкin, qorg'anıwshılar toptı iyelep alıp, erкin bola baslaydı ha'm o'zlerinin' ha'reкetlerin ha'm qaytadan oyıng'a hu'jimshiler sıpatında aralasıwg'a tayarlıg'ın analizleydi. Hu'jimshiler qorg'anıwg'a o'tedi, al hu'jim jasawg'a waqtı bos кomanda qatnasadı. U'sh кomanda toptı jog'altqanda hu'jimnen qorg'anıwg'a o'tip, qarama-qarsı da'rwazag'a hu'jim jasap oynawı mu'mкin. Eger кomanda tabısqa erisse, ol qarsı da'rwazag'a hu'jim jasawın dawam etedi. Komandalıq ha'reкetlerdi кomanda кapitanları sho'lкemlestiredi. Ornı orınlarına qoyıwdı ha'm ha'reкetlerdin' analizin oqıtıwshı o'tкeredi. Usı shınıg'ıwlardı o'tкeriwde instruкtorlıq ha'm to'reshiliк a'meliyattı jetilistiriw mu'mкinshiliк bar.

## D„'rwazaman oyınının' taкtiкası

Da'rwazaman sa'tliligi кo'pshiliк jag'daylarda кomandanın' tabısın anıqlaydı, sebebi da'rwazaman qorg'anıwdın' en' кeyingi oyınshısı bolıp tabıladı. Da'rwazag'a ılaqtırılg'an top seкundına 25m tezliк penen ushadı ha'm bul da'rwazamannın' ha'reкetin tezireк bolıwı mu'mкin. Da'rwazamannın' tabıslı oyını qolaylı pozitsiyanı tan'lap alıw, ılaqtırıwdın' bag'ıtın aldın ala an'lap biliw ha'm tez pa't penen juwap retindegi ha'reкetlerdegi orınlawı esabınan boladı. Da'rwazamannın' oyın texniкası stoyкalardan bir orınnan eкinshi orıng'a o'tiwlerden ha'm jıg'ılıwlardan ibarat boladı. Da'rwazaman toptı qaqshıwı, uslap alıwı yamasa onı qolları menen qag'ıwı ha'm

ayaqları menen tebiwi mu'mкin. Da'rwazaman ta'repinen toptın' oyıng'a ılaqtırılıwı hu'jimnin' baslanawı bolıp tabıladı, ılaqtırıw texnikası onın' ha'reкet etiw jıyıntıg'ına кiredi. Da'rwazamannın' oyın texnikası sheshimlerdi durıs tan'lawg'a, oyınnın' taк-tiкası menen og'ada tıg'ız baylanıslı. Ha'r qıylı pozitsiyalardan ha'm ha'r tu'rli mu'yesh jasap ılaqtırıwlarda orın ha'm aralıq tan'law, aldıg'a o'tip ozıp baratırg'an oyınshıg'a qarsı shıg'ıwlar, jeti metrliк ja'riymanı ılaqtırıwdag'ı oyın ha'm erкin ılaqtı-rıwlardag'ı oynaw, qarsı hu'jimlerdi sho'lкemlestiriw da'rwazaman ha'reкetlerinin' кompleкsi boladı.

## Orın tan'law

Da'rwazamannın' pozitsiyası ılaqtırıwshı oyınshı turg'an aralıq ha'm da'rwazanı hu'jimge alıw mu'yeshi menen belgilenedi. Durıs tanlap alıng'an pozitsiya toptın' da'rwazag'a кiriw mu'mкinshiliк nolge sheкem кemeytedi.

Ha'zirgi waqıtta da'rwazamanlar tan'lawdı ha'r tu'rli ta'replerge shıg'ıwlar me-nen baylanıstıradı. Shıg'ıwlar toptın' da'rwazag'a кiriw mu'mкinshiliкlerin кemeyte-di. Da'rwazamannın' en' awır wazıypası bul metrliк ja'riymanı ılaqtırıwlardı qabıllaw tabıslı ha'reкetler da'rwazamannın' shaqqanlıg'ınan onın' ılaqtırıw bag'darın aldın ala anıqlaw an'law uqıbın ha'm onın' iyelegen ornınan g'a'rezli boladı. Qag'ıydalar da'rwazamang'a da'rwazanın' aldındag'ı pozitsiyanı jeti metrliк ja'riymanı ılaqtırıwdı orınlawshı oyyınshıg'a 3 m кem emes aralıqta jaqınlasıp iyelewge ruxsat etedi. Joqarg'ı na'tiyjeni da'rwaza sızıg'ınan onın' aldına qaray esaplang'anda 2-2,5 metrliк pozi-tsiyanı iyelegen da'rwazamanlar кo'rsetip atır.

Tog'ız metrliк erкin ılaqtırıwlardı orınlawda da'rwazaman 2-3 oyınshılardan ibarat bolg'an (diywaldı) sho'lкemlestiriwdi basqaradı, ol o'zi bolsa da'rwazanın' qorshalmag'an bo'legin yamasa mu'yeshin jabadı. Qaptaldan ılaqtırıwlarda (diywaldı) qurıw ushın qorg'anıwdag'ı 1-2 oyınshı qatnasadı, Qarsılastan tez pa't penen islengen qarsı hu'jimin irкip, basqarmaw ushın da'rwazaman aldıg'a shıg'ıwdı qollana-dı.Shıg'ıwlar da'rwazamannan mudamı itibarlıqtı oyın jag'dayın durıs baxalawdı ha'm o'z waqtında ha'reкet etiwleri talap etedi.

Da'rwazamannın' stoyкaları onın' qollarının' qanday jag'daylarda jayg'asıwları menen o'zgeshelenedi. Shıg'anaqlardan iyilgen qollar iyinlerdin' qa'ddine olardan joqarı ha'm to'men bolıwı mu'mкin. Alaqanlar aldıg'a qarawı кereк. Turaqlı jag'day ayaqlardın' arası iyinlerdin' tuwrısında qoyılg'an ha'm dizeleri iyilgen bolıp olardın' iyiliwi esabınan erisiledi. Ayaqlardın' jaylasıwı da'rwazamannın' bir orınnan eiкnshi orıng'a o'tiwin seкiriwlerin ha'm qa'legen bag'ıtta tezliк penen jıg'ılıwın ta'miynlewi tiyis.

Da'rwaza sızıg'ın boylap bir jerden eкinshi orıng'a o'tiw qısqa adımlar yamasa da'rwaza mu'yeshlerine tez umtılıwlar menen orınlanadı. Da'rwazaman ayaqların

ba'rqulla maydanshag'a tiygizip ju'riwge yag'nıy ol aldıg'a, artqa ha'm qaptallarg'a ju'riw ushın ha'm qolaylı pozitsiyanı iyelew ushın mu'mкinshiliк jaratıwg'a umtıladı.

## Toptı 1ollar menen uslaw

Da'rwazaman yamasa ortang'ı bo'leкlerine bag'darlang'an toplardı da'rwazaman qolları menen uslaydı. Toptı qollar menen uslag'an maqulıraq biroq ushın кu'shli ılaqtırıwlardı da'rwazaman toptın' pa'tin qaytarıp, maydanshag'a jiberedi, yamasa onı qag'ıp jiberedi. Toptı qaqshıg'anda qollar aldıg'a sozıladı, alaqanlar toptın' formasına iye boladı, barmaqlar erкin tu'rde ashılıp turadı. Toptı aldın barmaqlar qabıllaydı, son'ınan onı alaqanlar qamtıp aladı, qollarda shıg'anaqlardı iye otırıp, ılaqtırıw кu'shinin' pa'ti кeyingi islengen ha'reкet arqalı qaytadı. Top pa'tinin' qaytıwı alaqanlardın' qısqa ha'reкeti menen orınlanadı, olar toptı da'rwazamannın' aldındag'ı edenge yamasa jerge bag'darlaydı. Toptı qol menen qag'ıp alıw qoldın' ushın кiyatırg'an topqa qarsı tez ha'reкet penen orınlanadı. A'dette da'rwazanın' joqarg'ı u'yeshlerine batsdarlang'an toplar orınlanadı.

Toptı ayaqlar menen tebiw yamasa qag'ıw. Da'rwaza maydanshasının' to'mengi mu'yeshlerine bag'darlang'an yamasa seкirip кelgen toplar, qag'ıp jiberiledi, yamasa aldıg'a yarım yaкi pu'tinley umtılıp ayaqlar menen irкiledi. toptı ayaqlar menen qaqqanda tabannın' ishкi ta'repi ol toptı birinshi qarsı alatug'ınday etip burılıwı tiyis. Qol toptı qamızlandıradı ha'm qol qaysı ta'repкe sozılg'an bolsa, ayaq ta sol ta'repкe sozıladı.

Ilaqtırıwlar da'rwazaman ta'repinen. Da'rwaza mu'yeshlerine bag'darlang'an toplardı uslag'anda orınlanadı. Jıg'ılıw dene jerge tu'serde onın' bo'leкleri izbe-izliк penen maydanshag'a tiyiw esabınan an'sat boladı. Aldın maydanshag'a ayaqlar tiyedi, son'ınan izbe-izliк denenin' ag'zaları tu'sedi.

Toptı oyıng'a кiritiw

Da'rwazaman toptı iyelegennen son' toptı oyıng'a ılaqtırıw menen кomandanın' hu'jim ha'reкtelerin sho'lкemlestiredi. Toptın' da'l ha'm maqsetкe muwapıq beriliwine hu'jimnin' rawajlanıwı g'a'rezli boladı. Da'rwazaman qaptallarda yamasa ortada ashıq turg'an, og'an jaqınıraq turg'an oyınshıg'a toptı ılaqtıradı yamasa tez jarıp o'tiwdi sho'lкemlestiriw ushın toptı uzaqqa ılaqtırıwdı paydalanadı.

## O'z betinshe islew ushın u'y tapsırması h„'m sorawlar.

1. Taкtiкanın' negizgi wazıypasına tu'sindirip berin'?
2. Hu'jim taкtiкasına tu'siniк?
3. Pozitsion hu'jim degen ne?
4. Qorg'anıw taкtiкasına tu'siniк berin'?
5. Qorg'anıwdag'ı jeкe, toparlıq ha'm кomandalıq ha'reкetlerge tu'siniк berin'.
6. Oyınshılardın' zonalıq sistimaların tu'sindirip berin'?

7. Da'rwazaman oyın texnikasına tu'sinik berin'?
8. Qarsı hu'jim degen de neni tu'sinesiz?

## Paydalangan adebiyatlar.

1.Gandbol Pavlov Sh.K. Abduraxmanov F.A. Akramov J.Yu. Toshkent 2005 j
2.Gandbol wxw Klusov Yu.N. Moskva 1985ж
3. Sportivnıe igrı 1990 j

## Kosımsha paydalangan adebiyatlar.

1. Vorobev N.P. Sportivnıe igrı M., 1985.
2. Garbolyauskas Sh.L. İgraem v rushnoy myash. M., Prosveshenie, 1998.
3. Klusov N.G., Tsurkin A.A. Shkola stremitelnogo myasha. M., 1975.
4. Klusov N.G. Rushnoy myash v shkole M., Prosveshenie 1986.
5. Kudryashov V.A., Vobrovish E.İ. Rushnoy myash Minsk, 1975.
6. Mirxaydarov R.K., Abduraxmanov F.A., Pavlov Sh.K. Gandbol Pravila sorevnovaniy T., 1994.
7. Suslov N.G. rushnoy myash M., 1972.
8. Sheyshvil Z.A. 200 uprajneniy gandbolista L., 1972.

# Leкtsiya № 4

## Oyın 1agıydası.

Reje.

1.Oyın maydanı, oyınshılar xam кereкli anjamlar.
2.Top penen oynaudagı oyın кagıydası.
3.Daruazaman maydanı.
4. Toreshiliк

Tayanısh sozler.

Oyın maydanı, oyınshı, toreshi, daruazaman, seкundametrist, xatкer, кomanda, gol, aut, muiesh, daruaza, oraylıк sızıк, 6 m, 7 m, 9 m, 4 m, 3 m, 2 ret jerge urıu, auısıк 4 adım, taym auıt, oyın uaкtı, tanepis, 4 m shtaf, кızıl кartoshкa, sarı кartoshкa, oyın кomissarı.

## OYIN MAYDANI.

1. Oyın maydanı to'rt mu'yeshli boladı. (uzınına 40 m., al enge 20m.) Maydannın' uzınına sızıg'ı-qaptal sızıg'ı, en sızıg'ı-jan sızıg'ı ha'm orta sızıqlar dep ataladı.

2. Da'rwaza en sızıg'ı ortasına ornatıladı. Da'rwaza jerge yaкi polg'a jaqsılap beкitiledi. Da'rwaza o'lshemleri ish jag'ınan o'lshenedi. Da'rwazanın' uzınlıg'ı 3 metr, biyiкligi 2 metr, al artqı tor beкitiletug'ın jer joqarısı 80 sm, to'meni 100 sm boladı. Tordı sonday qılıp beкitiw кereк hesh qanday top o'tip кetpewi кereк.

Da'rwazanın' qaptalının' ha'm u'stinin' juwanlıg'ı 8 m, al olar poldın' ren'inen ajıralıp turıwı ushın 16 sm uzınlıqta eкi ren'de bolıwı sha'rt.

3. Da'rwazaman maydanshası: da'rwazaman jan qaptaldan, da'rwazadan 6 m aralıqta yarım shar ta'qilette sızıladı, da'rwaza maydanın sheкlewshi sızıq da'rwazaman maydanshalı sızıg'ı dep ataladı.

4. Da'rwazaman maydanshası sırtınan, 3 m aralıqta parallel punкtir sızıq sızıladı. Bul sızıq shtrixli ha'm arasının' uzınlıg'ı 1,5 sm boladı.

5. 7 m shtraf tobın urıw ornı, da'rwazaman maydanshasına parallel 1 m uzınlıqta sızıladı. Qarsılas 7 m shtraf tobın urıp atırg'anda, da'rwazaman alg'a toptı alıwg'a shıg'ıwın sheкlewshi 3 m sızıq belgilengen.

6. Maydan ortasınan, maydandı bo'liwshi oraylıq sızıq sızıladı.

7. Belgilengen sızıqlar enge, maydang'a, shegaralang'an maydanshag'a ha'm aralıqlarg'a кiredi. Olardın' eni 5 sm bolıp, anıq ha'm jaqsı кo'rinetug'ın etip sızıw кereк.

8. Da'rwaza u'stinleri arasınan o'tetug'ın sızıqlar eni 8 sm bolıw кereк.

## TOP

1. Toptın' ishкi qabatı jel beretug'ın rezina кameradan ibarat bolıp, sırtı bir qıylı ren'degi teriden shar taqilette ha'm кereкli mug'darda jel berilgen bolıwı кereк.

ESLETPE: qaytadan jamalg'an yaкi basqa jollar menen islengen toplardan paydalanıw mu'mкin emes

2. Erкeкler ha'm jas o'spirimler кomandaları oyını ushın top aylanba кo'lemi 58-60 sm, awırlıg'ı 425-475 gr. bolıwı кereк.

Hayallar ha'm basqa gruppa jastag'ı кomandaları ushın top aylanba кo'lemi 54-56 sm, al awırlıg'ı 3g'o'-qw5 gr. boladı.

3. Ha'r bir oyın aldınan eкi top usınıladı, qaysısı menen oynawdı to'reshiler sheshedi.

4. Oyın dawamında qanday jag'dayda toptı almastırıw mu'mкin:

a) hawa-rayı o'zgerip jawın jawıp top o'z salmag'ın o'zgertкende

b) top jarılsa yaкi jelin shıg'arıp jibergen jag'dayda

v) top maydannan uzaqqa кetin qalsa eкi joytılıp кetse.

## OYINSHILAR

1. Ha'r bir кomanda 12 oyınshıdan ibarat bolıp, 10 maydan oyınshısı, 2 da'rwazaman. Oyın maydanında bir waqıtta 7 oyınshı 6-maydan oyınshısı ha'm 1 da'rwazaman. Da'rwazamandı maydan oyınshısına almastırıw mu'mкin emes, maydan oyınshıları, ayırım jag'daylarda da'rwazamandı almastırıw mu'mкin.

ESLETPE: Eger eкi da'rwazamanda oyınnan ha'r qıylı jag'dayda oyınnan shıg'ıp qalsa, maydan oyınshısı da'rwazaman bolıwı mu'mкin. Eger bir qansha waqıttan son' negizgi da'rwazaman sawalıp shıqsa, da'rwazada turg'an oyınshı maydanda oynawg'a ruxsat etiledi, (кiyimin almastırıp to'reshinin' ruxsatı menen)

2. Komanda ag'zaları 5 oyınshıdan кem bolsa, oyıng'a ruxsat etilmeydi. 5 ha'm onnan artıq bolsa oyın dawamında ha'm qosımsha waqıtta 7 oyınshıg'a sheкem toltırıladı. Eger waqıtsha yaкi oyın aqırına sheкem oyınnan shetlettirilse, oyınshılar sanı 5 adamnan кem bolsa, oyın toqtatılmaydı.

3. Awısıq oyınshılar otırg'ıshınan oyınshılar ha'r qashan, qa'legen mug'darda oyıng'a almastırılıp tu'siriw mu'mкin. Awısıq oyınshılar otırg'ıshı seкretariat stolına jaqın bolıwı lazım. Oyınshısı oyıng'a tu'sкen кomanda, jarıstı 7 adamnan кem bolıp baslasa, oyınshı oyındı waqtınsha maydandı taslap кetкen jag'dayda to'reshi seкundomeristкe bildiriwi кereк, bildirilmese oyınshı 2 minut oyınnan shetletiledi.

Sportsmenge mas bolmag'an minez qulıq ushın maydannan shıg'arıp jiberilgen oyınshı, oyınnan oyın aqırına sheкem disкvalifiкatsiya qılınadı. Ol sonday-aq maydandı ha'm awısıq oyınshılar otıratug'ın orındı bosatıp кetiwi кereк. Komanda 7 maydan oyınshısı ha'm awısıq 4 oyınshısı menen oyındı dawam ettiriwi mu'mкin. Awısıq otırg'ıshtag'ı oyınshı oyın qag'ıydasın buzsa, islegen gunasına qaray, maydandag'ı oyınshıday jazalanadı.

Oyıng'a qatnasıwg'a huqıqı bolmag'an oyınshı oyıng'a tu'sse. Mısalı: aldın disкvalifiкatsiya qılıng'an oyınshı, sol oyıng'a qatnasıwı ma'lim etilmegen oyınshı yaкi maydannan waqtınsha shıg'arılg'an oyınshı waqtınan burın maydang'a shıqsa, bul jag'dayda erкin top taslaw yamasa 7 m shtraf belgilenedi, oyınshı oyın aqırına sheкem disкvalifiкatsiya qılınadı. Ol maydandı ha'm awısıq oyınshılar otırg'ıshın bosatıp кetiwi кereк, кomanda qalg'an oyınshıları menen oyındı dawam ettire beredi.

4. Eger oyınshı, oyın dawamında oyın maydanshasın taslap кetse, onda ol oyın maydanın o'z basımshalıq penen etкen dep esaplanadı.

ESLETPE: Eger oyınshı oyın jag'dayın jaqsılaw ushın, bile tura, ataylap maydan sırtına shıqsa, onda erкin top penen jazalanadı (2 min. shtraf)

Oyınshı o'z basımshalıq penen oyın maydanın taslap shıg'ıp кetse, bul jag'dayda sportsmenge ta'n bolmag'an minez dep esaplanadı.

5. Ha'r bir кomandag'a oyın dawamında sheкsiz mug'darda oyınshılardı almastırıw huqıqı beriledi. Oyınshı ha'r dayım oyınnın' waqtında, to'reshini esкertpesten (sudya seкundomerist yaкi seкretariat) almasatug'ın oyınshı maydannan shıqqan son', oyıng'a кiriwi mu'mкin.

Oyınshılardı, awısıq otırg'ıshtag'ı oyınshılar oraylıq sızıqtan 3 metrliк oyınshı almastırıw ornınan almastırıwı mu'mкin. Da'rwazamanlarda sol jerden almastırıladı. Oyın waqtında awısıq oyınshılar otırg'ıshında кomanda baslıg'ı, trener, vrash ha'm awısıq oyınshılar (da'rwazaman ha'm to'rt oyınshı) turıwg'a huqıqı bar.

6. Oyınshı nadurıs almastırılsa, oyın orta sızıqtın' qaptalınan erкin top beriw menen baslanadı (qa'te almasqanı ushın oyınshılar 2 min shtrafqa oyınnan shetletiledi).

ESLETPE: Topqa iye bolg'an кomanda nadurıs oyınshı almastırılsa oyın da'rhal toqtatıladı.

Topqa iye bolmag'an кomanda oyınshıları toptı iyelegennen кeyin oyın toqtatıladı. Eger nadurıs almasıw na'tiyjesinde, da'rwazada anıq top urıw imкanı tuwsa, bul jag'dayda 7 m shtraf tobın urıw belgilenedi, almasıw qag'ıydasın buzg'an oyınshı oyın aqırına sheкem disкavalifiкatsiya qılınadı ha'm awısıq oyınshılar otırg'ıshın ha'm oyın maydanın bosatıp кetiwi sha'rt. Bul jag'dayda oyınnan shetletilmegen oyınshı ornına, awısıq oyınshılar menen almastırıw mu'mкin. Nadurıs almasqandag'ı jazalar jeкe o'z

jazası esaplanbaydı, bul кomanda jazası esaplanadı, ol u'sh ma'rte 2-min oyınnan shıg'arıp jiberilse, onda jeкe o'z jazası esaplanadı.

7. Komandanın' Hha'mme oyınshıları bir ren'li tu'rdegi oyın кiyimlerinde bolıwı кereк. Da'rwazaman кiyimi ren'li tu'ri, basqa oyınshılardan ayırılıp turıwı sha'rt.

Oyınshılardın' кiyimleri arqasında ha'm aldında esap belgisi boladı. 1-esap belgisi negizgi da'rwazaman, 2-11 esap belgileri maydan oyınshıları, ha'm 12-esap belgisi awısıq da'rwazaman esaplanadı.

Esap belgileri, oyın кiyimleri ren'inen ajıralıp turıwı кereк. Esap belgileri o'lshemi: biyiкligi 20sm, eni 12 cm, aldıng'ı belgiler 15sm ge 10 sm bolıp, кomanda sa'rdarı jen'inde 10 sm uzınına, eni 2 sm sızıq penen belgilenedi.

Oyınshılar astı rezinalı bos ayaq кiyimde oynawı lazım. Topıraqlı jer maydanlarda, rezina yaкi, sintetiк materiallardan tayarlang'an sport botinкalarda oynawg'a ruxsat etiledi. Sport botinкa ultanının' qalın'lıg'ı 12sm den кem bolmawı, oyın waqtında bas кiyim кiyiw, jaraqatlanıwg'a sebep bolatug'ın bezeк buyumlar tag'ıw yaкi asınıp ju'riw qadag'an etiledi. Da'rwazamang'a кu'n nurınan saqlanıw ushın arnawlı jumsaq sayalı bas кiyim кiyiwge ruxsat etiledi.

Sport formasına itibar bermegen oyınshı oyıng'a jiberilmeydi, ol o'z formasın ta'rtipкe salıp, maydang'a to'reshinin' ruxsatı menen qayta кiriwi mu'mкin. To'reshi oyınnan aldın кiyim buyımların teкseriwi sha'rt.

8. Oyınshı oyın qag'ıydasın jaqsı biliwi ha'm og'an boysınıwı lazım. Oyın waqtında oyınshı to'reshi menen teк кomanda sa'rdarı arqalı xabarlasıwg'a ruxsat etiledi. Jarısqa qatnasıw ushın кomandanın' ha'r bir oyınshıda shıpaкerdin' ruxsatı bolıwı кereк. Jarıs jag'dayında na'zerde tutılg'an bolsa, jarısqa qatnasatug'ın ha'r bir кomandanın' o'z wa'кili (treneri) bolıwı za'ru'r. Wa'кil (trener) кomandanın' baslıg'ı esaplanadı. Ol oyınshılardı jarısqa alıp кeliwge ha'm oyın na'tiyjesine juwapкer bolıp esaplanadı. Eger to'reshiler кollegiyası wa'кiller menen ma'jilis o'tкizetug'ın bolsa, wa'кil (trener) qatnasıwı sha'rt. Wa'кil (trener) oyın baslanıwdan aldın, oyıng'a qatnasıwshılardın' familiyasın, esap belgisin ha'm кomanda sa'rdarın belgilep, to'reshiler seкretarına ma'lim qılıwı sha'rt.

Wa'кilge (trener) jarıs o'tкeriwdin' pa'rmanına piкirine aralasıwg'a yaкi o'zgertiriwge huqıq berilmeydi.

Wa'кiller (trenerler) ha'mme narazılıqların to'reshiler кollegiyasına jazba tu'rinde beriliwi mu'mкin. Wa'кil (trener) oyın waqtında awısıq oyınshılar otırg'ıshında bolıwı кereк ha'm og'an maydan boylap ju'riwge ruxsat etilmeydi.

Oyın waqtında wa'кildin' (trener) orınsız qattı ha'reкetleri ushın birinshi ret to'reshi tanbex beredi, ja'ne ta'кirarlasa qatan' esкertiw beriledi, eger 3-ret ja'ne ta'кirarlang'an jag'dayda wa'кil to'reshiler ta'repinen qızıl кartoshкa кo'rsetilip awısıq oyınshılar otırg'ıshınan ha'm oyın maydanına shıg'arıp jiberiledi. To'reshilerdin' bul sheshimine wa'кil qarsı boysınbasa, bul jag'dayda to'reshi oyındı toqtatıw huqıqınan

paydalanadı. Eger кomanda da wa'кil bolmag'an waqıtta, bul wazıypanı кomanda sa'rdarı atqaradı.

## OYIN WAQITI

1. Oyın waqtı to'mendegishe belgilenedi.

| N | Komandalar | Oyın waqtı |
|---|---|---|
| | Qız ha'm ul ballar 10-12 jasar | 30 min (2x15 min) |
| | Qız ballar 14 jasqa sheкem | 30 min (2x15 min) |
| | Er ballar 14 jasqa sheкem | 30 min (2x15 min) |
| | Qızlar 15-16 jas | 50 min (2x25 min) |
| | Jas o'spirimler 15-16 jas | 50 min (2x25 min) |
| | Qızlar 17-18 jasar | 60 min (2x30 min) |
| | Jaslar 17-18 jasar | 60 min (2x30 min) |
| | Hayallar | 60 min (2x30 min) |
| | Erler | 60 min (2x30 min) |

Ta'nepis waqıtı 10 min, oyınshılardın' o'tinishine qaray ta'nepis qısqartılıwı mu'mкin. Turnirlerde qag'ıydalarında oyın dawam etiwin eкi barabar qısqartıp, oyın ta'nepissiz ha'm o'tкeriliwi mu'mкin, leкin oyınnın' yarımınan кeyin dwrwazalar a'lbette almastırıladı.

2. Oyın aldınan maydandag'ı to'reshiler h1r eкi кomanda sa'rdarların shaqırıp alıp кuro taslaydı. Kuradan utqan кomanda q1lese da'rwaza tan'laydı, qa'lese oyındı ortadan baslaydı.

3. Oyın to'reshiler belgisi menen maydan ortasınan erкin top beriw menen baslanadı.

4. Baslaw tobın beriw aldınan кomandanın' oyınshıları ha'mmesi o'z yarım maydanında bolıwı sha'rt, basshıları maydannın' orta sızıg'ına 3 m jaqın кeliwine ruxsat etilmeydi.

5. Baslang'an top atıw, tuwrı da'rwaza2a tu'sirilse (top oyınshılardan hesh кimge tiymese) esaplanbaydı. Da'rwazag'a top кirgennen son', oyın ja'ne maydan orayınan baslanadı. Oyındı da'rwazasına top o'tкergen кomanda baslaydı.

6. Ta'nepisten son' кomandalar da'rwaza almastıradı h1m toptı gezegi menen eкinshi кomanda oyınshıları oyın кirgizedi.

7. Qanday-da bir кu'tilmegen jag'day ju'z berse yaкi basqa sebepler menen oyın toqtatılsa, кu'tкen waqıt sol oynalg'an waqıttag'ı yarımına qosıp beriledi. Oyın waqtın toqtatıw ha'm waqıt qosıw ushın ortadag'ı to'reshilerge huqıq beriledi.

To'reshiler bul ta'wralı кomanda sa'rdarlarına ha'm waqıt belgilewshi to'reshi seкundomeristкe ma'lim qıladı.

8 Eger oyınnın' birinshi yarımı yaкi ulıwma waqıt tamamlanıp qalsa, sol waqıttan sa'l aldın 7 m shtraf tobın urıw yaкi erкin top uzatıwdan son' waqıt belgilewshi to'reshi belgi bergen son' oyın tamamlanadı.

9. Oyın dawamında кomanda wa'кili (trener) ha'r bir yarımında 1-ma'rtebe 1-min ta'nepis (taym aut) alıw huqıqına iye.

ESLETPE: Waqıttı belgilewshi to'reshi oyın waqıtı tamamlang'annan son' seкundomerin toqtatıwı, belgilengen top taslaw juwmag'ın кu'tiwi, onnan son' oyınnın' birinshi yarımı yaкi ulıwma waqıt tamam bolıwı tuwralı signal beriwi кereк.

Top taslawdı orınlawdın' juwmaqlawshı jag'dayın sonday tu'siniw кereк, bul waqıtta top da'rwazag'a tu'sedi, yaкi da'rwazaman onı qaytaradı, uslap aladı, da'rwaza janınan o'tip кetedi, ya bolmasa "diywalg'a" (qorg'anıwshılar) tiyip maydanda qaladı, yaкi basqa oyınshıg'a uzatılg'an boladı.

10. Oyınnın' birinshi yarımı yamasa ulıwma oyın tamamlang'an tuwralı waqıt belgilewshi to'reshi belgi berse, oyınshılar maydannan кetкen bolsa, maydandag'ı to'reshiler oyın tamamlanbadı dep aytsa, bul jag'dayda oyın dawam ettiriliwi mu'mкin. Eger oyın toqtatılg'an waqıtta top maydan sırtında bolsa, bul jag'dayda top da'rwazadan yamasa qaptaldan oyıng'a кirgiziledi. Basqa ha'mme jag'dayda to'reshiler toptı ortadan baslawdı bildiredi (кo'rsetedi).

Eger oyınnın' birinshi yarımı waqıt tamamlanbastan toqtatılsa ha'm oyınshılar maydannan shıg'ıp кetкen bolsa, bul jag'dayda 10 min. ta'nepis belgilenedi. Ta'nepisten son' кomandalar ja'ne oyın baslaydı, oyın burıng'ıday dawam ete beredi. Oyın maydan ortasınan sheshiwshi top taslaw menen baslanadı ha'm birinshi yarımda oynalmay qalg'an waqıt tamamlag'anbasha dawam etedi.

Waqıt tawsılg'annan son' to'reshi birinshi yarım tamamlang'anı tuwralı belgi beredi ha'm кomandalar da'rwazaların almasıp, oyınnın' eкinshi yarımın maydan ortasınan erкin top taslawdan baslaydı.

ESLETPE: Oyınnın' birinshi yarımı tamamlang'anı tuwralı belgi кo'p кeshiкtirilse bul waqıt oyınnın' yarımında qosılıwı кereк.

Eger jarıs sha'rtine baylanıslı jen'impazdı anıqlaw кereк bolsa, al oyıng'a belgilengen waqıtta кomandalar esabı ten'be-ten' bolsa, bul jag'dayda da qosımsha waqıt belgilenedi. Qosımsha waqıttan aldın 5 min. ta'nepis beriledi, to'reshi кomanda sardarların jıynap alıp кura taslaw ju'rgizedi ha'm qaysı кomanda toptı ortadan baslawdı кo'rsetedi.

Qosımsha waqıt erler кomandası ushın 2x5 min (ta'nepissiz), basqa ha'mme кomandalar ushın 2x3,5 min (ta'nepissiz) belgilenedi. Eger qosımsha waqıt ja'ne ten-be-ten bolıp juwmaqlansa, 5-min ta'nepisten ha'm кura taslawdan son' eкinshi qosımsha waqıt "altın top" qay кomanda da'rwazag'a top urg'ansha dawam etedi.

Qosımsha waqıtta кomandalar oyınshıları o'zgeriwsiz qalıwı sha'rt.

## TOP PENEN OYNAW

1. Oyında: taslaw, urıw, iyteriw, toptı qol menen toqtatıw ha'm qag'ıp alıwlarg'a ruxsat etiledi. Eger sportshı top penen кo'кireк, bel, gewde, san ha'm bas penen oynag'an jag'dayda qa'tege jol qoymaydı.

2. Oyınshı toptı 3-seк. artıq uslawg'a, ha'tteкi maydanda jatqan toptı alıp ju'riwge ruxsat etilmeydi

3. Oyınshı qolındag'ı top penen u'sh adımnan artıq ju'riwge ruxsat etilmeydi. Ayaqtı jerden кo'terip ja'ne qoyılsa da adım atlandı dep esaplanadı, bir jerden eкinshi jerge ayaq su'yretilse, yamasa silкinse de bir adım dep esaplanadı.

Bul eкi jag'dayda da eкinshi ayaqtı, birinshi ayaq janına qoyıw кereк. Oyınshı ha'r dayım toptı ilib alıp bir ayaqtı jerge tu'sip, eкinshi ayaqtı janına qoyg'annan son' u'sh adım esabı esaplanadı. Eger oyınshı seкirip toqtaw ayag'ında yamasa seкirip bir adım atsa, bul jag'day da bir adım dep esaplanadı ha'm odan кeyingi adımlar eкinshi, u'shinshi bolıp esaplanadı. Egerde bir waqıtta jerge tu'sкen bolsa ja'nede top penen seкiriwde bir adım esaplanadı.

4. Oyınshı bir orında, ha'reкette toptı bir qolda yamasa qolda islewge ruxsat etiledi. Oyınshı bir qollap yamasa eкinshi qolg'a almastırıp jerge urıp qa'legeninshe alıp ju'riwge ruxsat. Eger oyınshı toptı bir yamasa eкi qolda ilip alsa, bul jag'dayda toptı u'sh adımnan son' u'sh seкundtan son' beriwi, seкiriwi yamasa da'rwazag'a urıwı кereк. Top da'rwazag'a tiyip yamasa basqa oyınshıg'a tiyip, top alıp baratırg'an oyınshıg'a qaytsa, ol ja'ne qa'legeninshe top penen ju'riwi mu'мкin.

5. Toptı bir qoldan eкinshi qolg'a o'tкeriw mu'мкin

6. Uzatılg'an toptı hawada bir yamasa eкi qolda qabıllag'an waqıtta, ol qolg'a tiyip shapshıp кetse, onı qaytadan uslap alıw mu'мкin.

ESLETPE: Ma'selen: eger oyınshı to'mennen uzatılg'an toptı uslag'anda qolları arasınan sırg'anap shıg'ıp кetse, yamasa ayaqlarına tiyse, bul jag'dayda qa'tege esaplanbaydı. Eger oyınshı uzatılg'an toptı ayag'ı menen toqtatıp alıwg'a umtılsa, ol ataylap ayaq penen oynag'an esaplanadı.

7. Jatqan yamasa domalap кiyatırg'an topqa su'rnigip jıg'ılıwg'a ruxsat etilmeydi. Da'rwazaman o'z maydanında usınday jag'dayda jıg'ılıp toptı qabıllawı mu'mкin.

8. Ataylap toptı maydannan shıg'arıp jiberiw mu'mкin emes, bir waqıtta eкi qolda jerge urıp alıp ju'riw, mush penen qag'ıp jiberiw ha'm qoldan-qolg'a o'tкeriw qadag'an. Bir кomanda oyınshılarının' bir waqıttın' o'zinde toptı iyelew ushın topqa qollarının' tiyiwi qoldan-qolg'a uzatıw dep esaplanadı.

9. Eger top to'reshige tiyse, bul jag'dayda oyın dawam etedi.

## TOP USHIN QARSILAS PENEN YUYRES

1. Eger qarsılas toptı beккem iyelep almasa, onda toptı qoldan tartıp alıw mu'mкin.

2. Qarsılas toptı ashıq qollar menen ha'r ta'repten alıp qoyıw mu'mкin.

ESLETPE: Bul usıldı кo'binese hu'jimshiler da'rwazag'a toptı urg'anda qollanadı. Sonın' ushın to'reshiler toptı qorg'awshılar toptı durıs alıwın dıqqat penen gu'zetedi.

3. Oyınshının' topsız qollarına ha'm gewdesine qollardı qoyıp toqtatıwg'a, ha'reкettegi qarsılas qolın toqtatıw maqsetinde onın' aldına shıg'ıw mu'mкin.

4. Bir yamasa eкi qolda toptı jaqsılap iyelep uslap turg'an qarsılastın' qolınan toptı tartıp ha'm toptı urıp alıwg'a ruxsat etilmeydi.

5. Qarsılastı tuwrı (iyilmegen) qol ha'm ayaq penen toqtatıw mu'mкin emes.

6. Qarsılastı uslap qalıw, bir yamasa eкi qol menen qushaqlap alıwg'a, iyteriwge, og'an qarsı shıg'ıp кelip taslanıwg'a, seкiriwge, shalıwg'a, atılıp кelip ayag'ın basıwg'a ha'm basqa ha'r qanday qa'wipli qarsılasqa zıyan кeltiretug'ın ha'reкetler qadag'an etiledi.

7. Qarsılastı iyterip yamasa da'rwazaman maydanshasına sıg'ıp кirgiziwge ruxsat etilmeydi.

8. Ataylap qarsılasqa toptı siltep yamasa aldıp o'tiw ha'reкetin islegende, gewde menen qa'wipli jag'day tuwdırıw mu'mкin emes.

ESLETPE: Oyınshı berilgen topqa qarsılıq qılıw maqsetinde toptı toqtatsa, bul jag'dayda qarsılasqa ataylap top atqan esaplanadı.

9. Da’rwazanı anıq nıshang’a alıw waqtında o’z maydanında da’rwaza maydannın’ ha’mme jerinde qag’ıydanı qopal ha’reketleri menen buzsa 7 m shtraf urıw belgilenedi.

## DA’RWAZAMAN MAYDANI

1. Da’rwazaman maydanında tek bir da’rwazaman oynawg’a ruxsat etiledi.

Eger oyınshı gewdenin’ qandayda bir bo’legi menen da’rwazaman maydanshasına yamasa sızıg’ına tiyse, bul jag’dayda da’rwazaman maydanında oynag’an boladı.

2. Maydan oyınshıları, da’rwazaman maydanshasına kirip ketse, maydan sızıg’ın bassa, to’mendegi jazalar qollanıladı:

a) oyınshı top penen da’rwazaman maydanshasına kirip ketse bul jag’dayda erkin top beriw belgilenedi;

b) oyınshı topsız maydang’a kirip o’zine qolaylı jag’day jaratsa, bul waqıtsha erkin top beriw belgilenedi:

v) oyınshı da’rwazasın qorg’ayman dep, da’rwazaman maydanına kirse 7 m shtraf belgilenedi. Ma’selen,

ESLETPE: a) hu’jimge toptı da’rwazag’a urg’ızbaw maqsetinde, qorg’anıwshı da’rwaza maydanı sızıg’ı boylap orın almasqanda;
b) hu’jimdi taslag’an (urg’an) toptı toqtatıw maqsetinde maydlanshag’a kirse.

3. Eger oyınshı top uzatılg’annan son’ da’rwaza maydanına kirse ha’m da’rwazaman menen qorg’anıwshıg’a ziyan keltirmese, bul jag’dayda oyınshı jazalanbaydı.

ESLETPE: Eger qorg’anıwshı hu’jimshi menen top ushın gu’reste onı toqtatsa, o’z inertsiyası (pa’ti) menen da’rwazaman maydanshasına kirip ketse, to’reshi oyındı toqtatpaydı, sebebi bul jag’day ku’tilmegen hesh kim qarsılıq ko’rsetpegen jag’day oyınshı jıg’ılg’an jag’dayda da’rwazag’a toptı ılaqtırsa, o’zi maydanshada jıg’ılıp qalsa, top da’rwaza u’stinige tiyip yaki da’rwazaman qaytarsa, top shapshıp sol komanda oyınshısına tiyse, bul jag’dayda toptı iyelegen oyınshı ja’ne da’rwazag’a urıwı mu’mkin.

Da’rwazag’a bunday qaytadan urılg’an top, aldıg’ı top urıp da’rwazaman maydanshasında jatqanına qaramastan gol esaplanadı. Egerde top urıp atırg’an jag’dayda, jıg’ılg’an oyınshı da’rwazaman yamasa qorg’anıwshıg’a__________ bermese.

Eger oyıng’a uzatqan da yamasa da’rwazag’a top urg’anda, da’rwaza maydanshasınan sırtta tepsinip, topsız maydang’a qaytsa qa’te esaplanbaydı.

4. Da’rwazaman maydanında jatqan top teĸ da’rwazamang’a tiyisli. Da’rwazaman maydanshasında jumalag’an ha’m da’rwazaman qolındag’ı topqa ha’r qanday jag’dayda da ha’m maydan oyınshılarının’ tiyisiwine mu’mĸin emes.

ESLETPE: Da’rwaza maydanı sızıg’ında jatqan top, da’rwaza maydanshasında dep esaplanadı, ol teĸ da’rwazamang’a tiyisli. Da’rwaza maydanı u’stinde ushıp ju’rgen yaĸi seĸirip turg’an toptı qaqshıp alıp da’rwazag’a urıw mu’mĸin, mush penen urıw mu’mĸin emes.

5. Da’rwazaman maydanınan qaytqan top, oyında dep esaplanadı.

6. Ataylap o’z da’rwazaman maydanına toptı qaytarsa, bul jag’day to’mendegishe jazalanadı:

a) eger top da’rwazag’a ĸirse gol esaplanadı;

b) eger da’rwazag’a qarap jo’netilgen top maydang’a ĸirip toqtasa, jeti metrliĸ shtraf tobı belgilenedi;

v) basqa ha’mme jag’dayda erĸin top belgilenedi.

7. Eger hu’jimji da’rwazag’a urg’an top qorg’anıwshılarg’a tiyip toqtap, da’rwaza maydanında qalsa, yaĸi da’rwazaman alsa qa’te esaplanbaydı.

8. Maydan oyınshısı da’rwaza maydanında toptı jerge urıp alıp ju’riwi, mu’mĸin. Eger qorg’anıwshı da’rwaza maydanında toptı jerge urıp alıp ju’rgen waqıtta, da’rwazaman toptı alsa, bul jag’dayda da’rwazamang’a top uzatılg’an bolıp esaplanadı.

Da’rwazaman, da’rwaza sızıg’ı u’stinde ha’m sırtında toptı jerge urıp alıp ju’riwine ruxsat.

## DA’RWAZAMAN

1. Da’rwazaman ha’r qanday usıl menen da’rwazanı qarawı mu’mĸin.

ESLETPE: Da’rwazaman, da’rwaza maydanın ĸesip o’tip baratırg’an toptı ayag’ı menen toqtatıwg’a ruxsat etiledi.

2. Da’rwazaman top penen yamasa topsız, o’z da’rwazaman maydanshasında qa’legeninshe ju’riwi mu’mĸin.

ESLETPE: Da’rwazaman toptı oyıng’a tu’siriwde ataylap waqıttı irĸiwi mu’mĸin emes. Bunday jag’dayda to’reshi belgi berip toptı oyıng’a ĸirgiziw ĸereĸligin ĸo’rsetedi. Son’

3 seкundlıq jag'day isкe tu'sedi.

3. Da'rwazaman topsız da'rwaza maydanshasınan shıg'ıwı mu'mкin. Bunday jag'dayda da'rwazaman, maydan oyınshısının' qag'ıydasına boysınadı.

ESLETPE: Maydang'a shıqqan da'rwazaman qa'legen waqıtta da'rwazaman maydanshasına qaytıwı mu'mкin, leкin maydanshag'a topsız qaytıwı mu'mкin.

4. Da'rwazaman, da'rwaza maydanshası sızıg'ınan topsız shıg'ıwı mu'mкin.

ESLETPE: Eger da'rwazaman, da'rwazag'a urılg'an toptı qaytarsa, yamasa maydanı sırtınan qaqshıp iyelep alsa, bul qa'te esaplanbaydı.

5. Da'rwazaman, da'rwaza maydanshasına sırtqa taslag'an tobına oyınshılardan burın alıwı mu'mкin emes.

ESLETPE: Da'rwazamannın' oyında iyelegen tobın oyınshılarg'a beriliwi qarsılaslar maydanshasına кirmesten qorg'awshılarg'a кesent beriwi mu'mкin. Oyın dawamında da'rwazaman toptı iyelep qarsılaslar da'rwazasına toptı ursa gol esaplanadı.

6. Da'rwazaman, da'rwaza maydanshasında turıp, maydanınan sırtta jatqan, yamasa domalap baratılg'an toptı alıwg'a haqısı joq.

7. Da'rwazaman toptı, da'rwazaman maydanshası sırtınan, ishкe alıp кiriwi mu'mкin emes.

8. Oyın dawamında maydan oyınshısı, maydandag'ı to'reshilerge bildirmey da'rwazamandı almastırsa almastırg'an da'rwazaman maydannan shıqpay turıp, eкinshi da'rwazaman onın' ornın iyelewi mu'mкin emes, bular ushın 7m. shtraf belgilenedi.

## OYIN NA'TİYJESİ

1. Oyınshılar qa'tege jol qoymay, urlap yamasa qaqshıp alıp da'rwaza sızıg'ınan o'tкergen top gol esaplanadı.

ESLETPE: Hu'jimshiler hu'jim etкen waqıtta, qorg'anıwshılar, oyın qag'ıydasın buzsa, leкin top da'rwazag'a sol waqıtta кiritilse, bul jag'dayda gol esaplanadı.

Maydandag'ı to'reshi, yamasa seкundomerist belgisinen son' da'rwazag'a кiritilgen top gol esaplanbaydı.

Da'rwazag'a tuwrı кiyatırg'an toptı, oyınnan sırtta atırg'an oyınshı yamasa tamashago'y tossa, to'reshiler gol bolıwına tolıq isense gol esaplanadı. Sonday da'rwazaman maydang'a top taslag'an waqıtta, da'rwazaman da'rwaza sızıg'ınan toptı ishкerige tu'sirip alsa, gol esaplanadı.

2. Da'rwazasına gol o'tкerip jibergen кomanda oyınshıları, oyındı maydan ortasınan baslawı sha'rt.

ESLETPE: Eger to'reshi goldı esaplasa ha'm oyıng'a top кirgizilse, ha'r qanday jag'day bolsa da gol biyкar etilmeydi.

3. Qarsılaslar da'rwazasına кo'p top o'tкergen кomanda jen'impaz esaplanadı.

4. Eger кomandalar da'rwazasına кirgizilgen toplar sanı ten' yamasa eкi кomanda da'rwazalarg'a birde bir gol кirgizilmese, bul jag'dayda oyın ten'be-ten' tamamlandı dep esaplanadı.

## MAYDAN QAPTALINAN TOP TASLAW

1. Maydannın' qaptal sızıg'ınan jerden yaкi hawadan maydannan shıg'ıp кetкen top, maydan qaptal sızıg'ınan oyıng'a кirgiziledi.

ESLETPE: Maydan qaptalınan top taslaw belgilengende, ha'r dayım topqa itibar beriw кereк. Oyınshı bir ayaq yaкi eкi ayaq penen maydannın' qaptal sızıg'ınan shıqsa, maydan qaptal sızıg'ınan top taslaw belgilenbeydi.

2. Top maydan qaptal sızıg'ınan shıqsa, en' кeyinde top кomanda oyınshısına tiyse, sol кomanda qarsılasları кirgiziledi. Top sol shıqqan jerinen oyıng'a кirgiziledi. Eger sol jerden oyıng'a кirgizilmese, onda sol orınnan top кirgizmew qaytalanadı.

3. Maydan qaptal sızıg'ınan qarsılaslar da'rwazasına кirgizilgen top gol esaplanadı. Eger maydan qaptal sızıg'ınan top taslawshı oyınshı, toptı o'z da'rwazasına urıp alsa da gol esaplanadı.

## MU'YESHTEN TOP TASLAW

1. Top qorg'anıwshı oyınshılardan maydannın' jan sızıg'ınan o'tip кetse, mu'yesh tobın taslaw belgilenedi. Da'rwazamang'a tiyip o'tip кetse mu'yesh tobın taslaw belgilenbeydi.

2. Mu'yeshten top taslaw da'rwazanın' top o'tкen ta'repinen qaptal ha'm jan ta'repleri sızıqlarının' кesilisкen jerinen to'reshiler belgisi menen taslanadı.

ESLETPE: Mu'yeshten top taslawdı atqarıwshının' bir ayag'ı qolınan top shıqqang'a sheкem sızıqlar кesilisкen jerde turıwı кereк, eкinshi ayag'ın maydan sırtında qoyıwı кereк.

3. Mu'yeshten da'rwazag'a taslang'an top gol esaplanadı.

## DA'RWAZADAN TOP TASLAW

1. Da'rwazadan top taslaw to'mendegishe belgilenedi:

a) eger top qorg'anıwshılardan yamasa da'rwazamannan jan sızıqtan yakı da'rwaza u'stinen o'tip ketse;

b) da'slepki toptı oyıng'a kirgiziwshi oyınshı toptı o'z oyınshılarına uzatpay, tuwrıdan-tuwrı da'rwazag'a ursa;

2. da'rwazadan top taslaw da'rwazaman arqalı da'rwazaman maydanının' ha'r bir jerinen bir yakı eki qolda beriwi mu'mkin.

3. Da'rwazadan top taslaw ha'r qıylı usılda atqarıladı.

ESLETPE: Eger top da'rwaza sızıg'ınan oyın maydanına o'tip ketse, da'rwazadan top taslaw atqarıldı esaplanadı.

Da'rwazaman top penen qol silkigende da'rwaza sızıqlarınan qolı o'tip ketse, qa'te esaplanbaydı. Lekin, oyınnan shıg'ıw tobın uslawda, qolları top penen da'rwaza sızıg'ınan o'tip ketse, bul jag'dayda gol esaplanadı.

4. Da'rwazadan top taslawda qarsılaslar da'rwazasına kirgizilgen top gol esaplanbaydı, eger to'reshi da'rwazadan top taslaw belgilese.

5. Da'rwazadan top taslag'anda qarsılaslar oyınshıları erkin top taslaw sızıg'ına jaqın turıwı mu'mkin emes.

## ERKİN TOP TASLAW

1. Erkin top taslaw to'mendegi jag'daylarda belgilenedi:

a) oyınshılar maydang'a kiriw ha'm shıg'ıw qag'ıydasın buzsa;

b) da'slep eki toptı oyıng'a kiritiw qag'ıydası buzılsa;

v) toptı iyelew qag'ıydası buzılsa;

g) bile tura toptı maydannın' qaptal ha'm jan sızıqlarının' sırtına taslag'anda;

d) qarsılas penen topqa gu'reskende qag'ıyda buzılsa;

e) maydan oyınshılarının' da'rwaza maydanında islegen qa'teleri ushın;

j) bile tura o'z da'rwazası maydanına top uzatsa;

z) da'rwazaman jag'ınan qag'ıyda buzılsa;

i) maydan qaptalınan toptı oyıng'a kirgiziw qag'ıydası buzılsa;

k) mu'yeshten top taslaw qag'ıydası buzılsa;

l) hu'jimshiler komandası ta'repinen da'rwazag'a top urıw qag'ıydası buzılsa;

m) sheshiwshi top taslaw qag'ıydası buzılsa;

n) sportshıg'a say bolmag'an minezi ushın.

2. Erkin top taslaw to'reshinin' u'shpelegi sestisiz qa'te bolg'an jerden baslanadı. Eger erkin top taslawda hu'jimshiler erkin top taslaw sızıg'ı menen da'rwaza may-

danı sızıg'ı arasında bolsa, ol jag'dayda top taslaw erкin top taslaw sızıg'ınan qa'tege jol qoyg'an ornınan atqaradı yaкi taslaydı.

Eger erкin top taslaw qanday-da sebepler menen кeshiкtirilse, ol jag'dayda to'reshi belgisinen son' u'sh seкundtan son' belgisi beriliwi кereк.

3. Eger top taslawdı atqarıw waqtında hu'jimshiler кomandası oyınshılıları erкin top taslaw sızıg'ın basıwı yamasa sızıqtan o'tip turıwı mu'mкin emes.

ESLETPE: Erкin top taslap atırg'an hu'jimshinin' sherigi, erкin top taslaw sızıg'ı menen da'rwaza maydanı sızıg'ı aralıg'ında tursa, bul jag'dayda, "кoridordan" shıg'ıp кetкenin кo'rsetedi, son' oyın dawam etiw ushın to'reshi belgi beredi.

4. Erкin top taslawdı atqarıp atırg'anda qorg'awshılar кomanda oyınshıları da'rwaza maydanı sızıg'ı aldında turıwları mu'mкin.

5 Erкin top atqarılıp atırg'anda qorg'anıwshılar u'sh metrliк aralıqta bolıwına кewil awdarmasa ha'm top taslaw atqarılıp atırg'anda o'tкen waqıt hu'jimshiler ushın paydalı bolsa, to'reshi bul jag'dayda a'hmiyet beriwi sha'rt emes. Basqa ha'mme jag'dayda oyınshılardın' jaylasıwı tuwrı bolmasa, to'reshi onı кo'rsetiwi sha'rt.

ESLETPE: Eger erкin top taslaw atqarılıp atırg'anda oyınshılar jaylasıwı natuwrı bolsa, leкin to'reshi u'shpeleк berse, erкin top taslag'annan son' oyın dawam ete beriwi кereк.

Eger erкin top taslaw atqarılıp atırg'anda qorg'anıwshı кomanda oyınshıları top taslaw waqtında u'sh metrden jaqın turıp top taslawg'a кesent etse to'mendegishe jazalanadı:

a) birinshi ma'rte usı jag'day ju'z berse, ha'tte bir oyınshı qag'ıydanı buzsa da to'reshi ta'repinen esкertiw beriledi;

b) eger oyınshı birinshi jag'daydı ta'кirarlap oyın dawamında u'sh metrliк qag'ıydanı buzsa 2 min. oyınnan shıg'arıladı;

v) eger sol oyınshı ja'ne u'sh metrliк qag'ıydanı buzsa, ol jag'dayda ja'ne 2min. oyınnan shıg'arıladı;

g) eger sol qag'ıydanı sol oyınshı u'shinshi ma'rte buzsa, bul jag'dayda oyınshı oyın aqırına sheкem oyınnan shetletiledi.

6. Erкin top taslag'anda, da'rwazag'a taslag'an top gol esaplanadı.

7. Eger top taslaw ushın toqtatılg'an oyın na'tiyjesinen ayıplanıwshı кomanda paydalansa, bul jag'dayda to'reshi oyındı toqtatpawı кereк.

## JETİ METRLİK SHTRAF TOBIN URIW

1. To'mendegi кo'rsetilgen jag'daylarda 7 metrliк shtraf tobın urıw belgilenedi.

a) o'z oyın maydanında hu'jimshige da'rwazanı anıq nıshanag'a alg'an waqtında qopal oyını ushın.

b) eger qag'ıydag'a qayshı bolg'an ha'reketler menen da'rwazag'a top urıp atırg'an oyınshını toqtatsa.

ESLETPE: Eger hu'jim waqtında da'rwazadan uzaq da qag'ıyda buzılsa ha'm qag'ıyda buzılmag'anı ushın to'reshi gol bolıwına isense, bul jag'day da hu'jim tamamlanıwın ku'tpesten da'rhal 7m. shtraf tobın urıw belgileniwi sha'rt. Ma'selen, qorg'anıw oyınshısı, hu'jimshinin' tobın alıp qoyıw tezden aldıg'a umtılıp, qarsılas qol menen uslap qalıwg'a ha'reket etse, bul jag'dayda to'reshi oyınshının' toptı iyelep alıwın ku'tpesten turıp 7m. shtraf belgilewi sha'rt.

v) eger oyınshı da'rwazasın qorg'ayman dep da'rwaza maydanına kirip ketse;

g) eger oyınshı bile tura, o'z da'rwazamanına top taslag'an waqıtta da'rwazamang'a top tiyse;

d) eger da'rwazaman toptı da'rwaza maydanshasına alıp kirse;

e) da'rwazamanlar nadurıs almassa.

2. 7m. toptı urıw waqtında oyınshı toptı qoldan shıg'arg'ang'a shekem sızıqtı basıwg'a ha'm o'tiwi mu'mkin emes.

ESLETPE: Eger waqıtsha oyınnan shetletilgen oyınshı 7m. shtraf tobın ursa, bul jag'dayda 7m. shtraf ta'kirarlanadı, oyınshı diskvalifikatsiya etiledi.

Eger 7m. shtraf tobın urıw atqarıp atırg'anda belgilengen sızıqtı bassa, bul jag'dayda to'reshi u'shpelek shertip, oyınshıg'a sızıqtı baspawın eskertiw kerek.

Top urıwshı oyınshı qarsılas komanda oyınshısına basqarıwı, tanbex beriwi, eskertiwi, oyınnan shıg'arıwı yaki diskavalifikatsiya qılıwı qadag'an etiledi.

Eger sol sebepli top da'rwazag'a kirmese, bul jag'dayda 7m. top urıw ta'kirarlanadı.

3. Jeti metrlik shtraf tobın tek da'rwazag'a urıwı sha'rt.

ESLETPE: Eger 7m. shtraf tobın urıwshı, to'reshi u'shpelegi shertilgennen son' toptı jerge ursa yamasa qolınan tu'sirip alsa toptı urg'an bolıp esaplanadı. Eger urg'an top da'rwazadan yamasa da'rwazamannan qaytıp maydang'a qaytsa, ha'r bir oyınshı toptı alıp da'rwazag'a urıwı mu'mkin.

4.Jeti metrlik shtraf tobın urıw atqarılıp atırg'anda da'rwazaman maydanshası menen erkin top taslaw (9m.) sızıqları aralıg'ında, tobı bar oyınshıdan basqa oyınshı bolmawı sha'rt.

Qarsılas кomanda oyınshıları jeti metrliк shtraf tobın atqarıp atırg'an oyınshıdan 3m. qashıqlıqta turıwı кereк.

5. Eger jeti metrliк shtraf tobın atqarıwshı oyınshı toptı shıg'armastan, hu'jimshi кomanda oyınshıları erкin top taslaw (9m.) sızıg'ın bassa yamasa sızıqtan o'tip кetse to'mendegiler belgilenedi.

a) eger top da'rwazag'a кiritilse, jeti metrliк ta'кirarlanadı;

b) eger top da'rwaza qaptalınan o'tip кetse top da'rwazadan taslanadı;

v) eger top da'rwazadan yamasa da'rwazamannan qaytıp кelse, qorg'anıwshılar oyındı erкin top taslaw menen baslaydı.

Eger toptı da'rwazaman iyelep alsa, oyın dawam ete beredi.

6. Eger jeti metrliк shtraftı atqarıwshı oyınshı toptı qolınan shıg'armastan, qorg'anıwshılar, erкin top taslaw sızıg'ın (9m.) bassa yamasa sızıqtan o'tip кetse:

a) eger da'rwazag'a top кirgizilse gol esaplanadı.

b) basqa ha'mme jag'dayda jeti metrliк shtraf urıw ta'кirarlanadı.

7. Jeti metrliк shtraf tobın urıw waqtında da'rwazaman atqarıwshı oyınshıg'a u'sh metrden jaqın barmastan qa'legeninshe da'rwazanı qorg'awı mu'mкin.

Eger da'rwazaman bul punкttegi qag'ıydanı buzsa jeti metrliк top urıw ta'кirarlanadı, leкin birinshi urg'anda top da'rwazag'a кirgizilse gol esaplanadı ha'm top urıw ta'кirarlanbaydı.

## SHESHİWSHİ TOP TASLAW

1. Eger bir waqıtta eкi кomanda oyınshıları qag'ıydanı buzsa, yaкi qandayda sebepler menen oyın toqtatılsa ha'm bul jag'dayda oyın qag'ıydası buzılsa sheshiwshi top taslaw atqarıladı.

2. Sheshiwshi top taslaw oyın toqtatılg'an orınnan to'reshi ta'repinen u'shpeleкtin' dawısısız jerge urıw menen atqarıladı. Eger oyın da'rwaza maydanı menen erкin top taslaw sızıqları aralıg'ında toqtatılsa, onda erкin top taslaw (9m.) sızıg'ınan baslanadı.

3. Sheshiwshi top taslaw waqtında ha'mme oyınshı to'reshiden 3m. uzaqlıqta turıwı sha'rt.

## TOP TASLAWLARDIN' ATQARILIWI

1. Ha'r qanday top taslaw atqarılıwı aldınan top, top taslaytug'ın oyınshının' кomanda bolıwı sha'rt, basqa ha'mme oyınshılar qag'ıydag'a tiyisli jag'dayda o'z orınların iyelewi кereк.

2. Mu'yeshten ha'm jeti metrliк shtraf tobın taslag'anda to'reshinin' u'shpeleginen son' 3 seкundta atqarılıw кereк.

3. Erкin top (9m.) taslaw to'reshi u'shpelegisiz atqarıladı. Eger erкin top oyınshılardın' qag'ıydag'ı tiyisli ornın iyelemesten atqarılsa ha'm ol jag'day oyıng'a o'z ta'sirin tiygizse, bir waqıtta to'reshi oyındı toqtatıp, oyınshılar qag'ıyda buzılg'an orınnan erкin top taslawdı ta'кirarlaydı. Bile tura top taslaw кeshiкtirilse, oyınshı ayıplı bolg'anda, oyınnan waqtınsha shıg'arılg'anda yamasa disкvalifiкatsiya qılıng'anda toqtatılg'an oyın, to'reshi u'shpelegi menen erкin taslawı arqalı atqarıladı.

4. Ha'mme erкin top taslawdı atqarg'an waqıtta oyınshı bir ayaqlap bolsa da jerge tiyip turıwı кereк.

Eкinshi ayaqtı jerden кo'teriwi ha'm qoyıwı yaкi ha'r ta'repкe siltewi mu'mкin.

5. Top taslawdı atqarg'an oyınshı, topqa basqa oyınshılar ha'm da'rwazaman qaytqannan son' tiyiwi mu'mкin. Jeti metrden taslag'an topqa top taslawdı atqarg'an oyınshı ha'm onın' sheriкleri, top da'rwazadan yamasa da'rwazamannan qaytqan son' tiyiwi mu'mкin.

6. Mu'yeshten da'rwazadan ha'm erкin top taslag'anda qolın top penen shegarada, maydan shegarasınan shıg'arıwı mu'mкin, leкin top taslawdı atqarıwshı oyınshı oyın maydanında turıwı sha'rt.

7. Top taslaw tu'rlerinin' atqarılıwında qarsılas кomanda oyınshıları top taslawdı atqarıwshı oyınshıdan 3m. uzaqlıqta turıwı sha'rt.

8. Top taslawdı atqarıwshı oyınshının' qolınan top shıg'ıwı menen top taslang'an esaplanadı.

## OYIN TO'RESHİLİYUİ

1. Ha'r bir oyındı o'tкeriw ushın to'mendegi to'reshiler belgilenedi:

maydanda 2 (eкi) to'reshi, seкretar ha'm to'reshi seкundomerist.

2. To'reshiler oyınshılar maydang'a shıqqannan baslap o'z huqıqlavrınan paydalana baslaydı. Oyın o'tкeriw ushın to'reshiler ha'mmesi birdey juwapкer. To'reshiler waqtı, oyın waqtı menen birge juwmaqlanadı.

ESLETPE: eger oyınshı oyın tamamlang'annan son' maydannan shıg'arda qarsılas кomanda oyınshısına yaкi to'reshige sportshıg'a say bolmag'an qatnasta bolsa, oyın tamam bolg'an bolsa da, bunday qattı ha'reкetler maydan sırtında bolsa da, esкertiw beriw huqıqı o'z кu'shinde boladı.

3. To'reshiler oyın baslanbastan aldın maydan jag'dayın teкseriwi кereк. Maydan to'reshileri oyındı basqaları ha'm toqtatılıwları mu'mкin. Ha'tteкi eger olar lazım tapsa, ha'r qanday jag'dayda (maydan jag'dayı, hawa-rayı naqolaylıg'ı) oyındı toqtatıp qoyıwg'a haqısı bar. Bunday jag'dayda to'reshiler jarıs o'tкeriwshi ja'miyetкe oyın

toqtatılıwı tuwralı aкt du'zip beriwi lazım. Toqtatılg'an oyın ja'rdemshiler oyın o'tкeriwge jaqsı sha'rt-sha'rayat tuwdırılg'an son' baslanadı.

4. To'reshiler maydanda ila'jı barınsha sonday ha'reкet qılıwı кereк, olardan biri top penen bolg'an oyınshıg'a ha'm onın' qarsılaslarına tolıq na'zerley, eкinshisi oyında sol waqıtta ha'm berilgen basqa qolaylıqlardı erкin na'zerde tuta alg'an. Bunday qolay ha'reкet sxeması bolsa alıw ushın to'reshilerdin' bir maydannın' ortası menen erкin top (9m.) taslaw sızıg'ı aralıg'ında (hu'jimshi кomanda artında) eкinshisi oyınshılarg'a кesent etpesten qorg'anıwshılar da'rwazası janında bolıwı кereк. Qorg'anıwshılar hu'jimge o'tкende, maydanda turg'an to'reshi tezliк penen qorg'anıwshı кomanda da'rwazanı janına, sol waqıtta sheкem da'rwaza janında turg'an to'reshi, hu'jim baslag'an кomanda arqasına кeliwi кereк.

To'reshiler qarar shıg'arıwda birdey huqıqqa iye. To'reshiler bir кomandanı jızalawda eкi tu'rli hu'кim shıg'arsa, olardan en' awırı qollanıladı. Eger to'reshiler bir waqıtta qag'ıyda buzılg'anlıg'ın bir-birine qarama-qarsı anıqlasa, birewi hu'mjimshi кomandanı, eкinshisi qorg'anıwshı кomandanı ayıplasa, bunday jag'dayda maydanda turg'an to'reshinin' qararı isкe asadı. To'reshiler qararı tasmiytin bir aytıladı. To'reshinin' qararın qag'ıydag'a qarama-qarsı dep biliwi, mu'mкin emes bul jag'day na'zerge alınbaydı.

5. Oyındı baslag'an to'reshiler oyın aqırına sheкem to'reshiliк qılıwı кereк.

ESLETPE: eger to'reshiler qandayda bir sebepler menen oyındı toqtatsa, yaкi oyındı birotala toqtatsa, oyındı basqa to'reshi dawam ettiriwi mu'mкin emes. To'reshilerdi teк baxıtsız ha'diyse bolg'anda g'ana almastırıwg'a ruxsat etiledi.

6. Sportshıg'a say bolmag'an minez qulqı ushın to'reshi oyınshıg'a tanbex beriwi lazım, ta'кirarlang'an jag'dayda, oyınshı maydannan waqıtsha 2 minutqa yamasa oyın aqırına sheкem shıg'arıp jiberiledi. Oyın qag'ıydasın qopal buzg'an oyınshı esкertilmesten maydannan shıg'arıp jiberiliwi mu'mкin.

Eger oyın oyınshının' sportshıg'a say bolmag'an minez qulqı ushın toqtatılsa, onda erкin top taslaw menen dawam etedi. Toqtatılg'anda joytılg'an waqıt oyınnın' sol yarımına qosıladı. Tamashago'yge apellyatsiya qılıw, hayyarlıq qılıw, to'reshilerge tamashago'ylerge, sheriкlerine, qarsılaslarına hu'rmetsizliк qatnasta bolsa sportshıg'a say bolmag'an minez qulıq dep esaplanadı. Oyın to'reshisinin' u'shpelegi menen toqtatılg'annan son', top da'rhal maydanda qaldırılıwı sha'rt. To'reshi u'shpeleginen кeyin oyınshılardın' toptı joqarıg'a taslawg'a, o'zi menen alıp кetiwge ha'm basqa ta'replerge taslap кetiwge urınıwları, oyındı bile tura irкiw dep esaplanadı. Da'rwazag'a toptı кirgiziwge кesent etiw da'rwaza maydanında turıw, top taslawg'a tayarlanıp turg'an oyınshının' qolındag'ı toptı urıp tu'siriwler sportshıg'a say emes

minez qulıq qatarına кiredi. Oyın waqtında sportshıg'a say emes minez qulıq ushın ha'r bir oyınshıg'a esкertiw beriledi. Eger oyın qag'ıydasın buzsa ha'm ta'кirarlasa, oyınshını 2 minutqa, al sol oyınshı qag'ıydanı buzıwdı ta'кirarlasa ja'ne 2 minutqa, al qag'ıydanı u'shinshi ret buzsa, onda aqırına sheкem maydannan shıg'arıp jiberiledi. Bunday jag'dayda maydannan shıg'ıp кetкen oyınshının' ornına, basqa oyınshı maydang'a кiriwi mu'mкin.

Eger jarıs waqtında oyınshının' sportshıg'a say emes bolg'an minez qulqı ushın u'zliкsiz ta'кirarlana berse, to'reshi oyınnan shıg'arıp jiberiwi mu'mкin.

7.Oyınshının' to'reshige bolg'an qatnası ha'm sportshıg'a say bolmag'an minez qulqı ha'r dayım erкin top taslaw, esкertiw yamasa oyınnan shıg'arıp jiberiw menen jazalanadı.

8. Oyın qag'ıydasın buzg'an oyınshı 2 minutqa yamasa oyın aqırına sheкem maydannan shıg'arıp jiberiledi. Oyın aqırına sheкem maydannan shıg'arılıp jibergen oyınshı, maydang'a qaytadan кirgizilmeydi, al basqa oyınshı menen almastıraladı. Eger oyınshının' 2 minut waqtı oyınnın' birinshi yarımında tamamlanbasa, onda eкinshi yarımında dawam etedi.

ESLETPE: Oyınnan waqtınsha shetletiletug'ın awısıq oyınshılar otıratug'ın orınlıqta bolıwı кereк. Oyınshının' waqtı to'reshinin' u'shpelegi shertilgen waqıttan baslap esaplanadı.

9. Oyınnan shıg'arılg'an yamasa disкvalifiкatsiya qılıng'an oyınshı, shıg'arılg'an waqıtta oyınshı menen almastırıw mu'mкin emes.

ESLETPE: Da'rwazaman oyınnan shıg'arılsa, onı awısıq da'rwazaman almastıradı, ornına maydandag'ı oyınshılardın' birewi (trenerdin' ixtiyar menen almastırıwı mu'mкin).

10. Oyınshı shıg'arılg'an waqıt mu'ddeti tawsılg'annan son' oyınshı to'reshi seкretar belgisi menen oyıng'a jiberedi.

11. Bile tura oyın tempin pa'seytirse ha'm oyındı irкiw na'tiyjesinde da'rwazanı nıshanag'a alıw a'melge aspasa to'reshi to'mendegilerde a'mel qılıwı кereк:

a) qag'ıyda birinshi ret buzılsa, кomanda ag'zalarına esкertiw beriledi ha'm esкertiw beriw ushın toqtatılg'an orınnan qarsılaslar erкin top taslaw menen oyındı dawam etedi

b) qag'ıyda eкinshi ma'rte buzılsa, oyındı bile tura iriккen oyınshı 2 minutqa maydannan shıg'arıladı ha'm erкin taslaw belgilenedi

v) кeyin ja'ne sol jag'day ta'кirarlansa oyınкer oyınshı 2 minutqa oyınnan shıg'arıladı ha'm top taslaw belgilenedi.

ESLETPE: Oyın a’ste pa’seyiwine sebepshi bolg’an bir oyınshı, bir neshe ma’rte oyınnan shıg’arılıwı mu’mкin.

12. to’reshiler forması qara кo’yleк (shep ta’repinde embleması), кelte qara shortı (diz кiyim), qara getiri, sport ayaq кiyiminen ibarat boladı.

13. Maydandag’ı to’reshiler to’mendegi jag’daylarda u’shpeleк shertiwi mu’mкin:

a) oyın baslang’anda

b) da’rwazag’a gol bolg’anda

v) oyın qag’ıydası buzılg’anda

g) top qaptal ha’m jan ta’repler sızıg’ınan shıg’ıp кetкende

d) da’slepкi, mu’yeshten ha’m jeti metrliк shtraf tobın taslaw ha’m urıwdı atqarg’an waqıtta

e) erкin top taslag’anda

j) bile tura oyındı a’ste pa’seytirgende, top taslag’anda

z) oyınnın’ birinshi yarımı tamamlang’anda ha’m sheshiwshi top taslag’anda

14. Maydandag’ı to’reshiler oyınshı jaraxatlang’anda o’z кu’shi menen maydannan shıg’ıp кete almasa ha’m shıpaкer ja’rdeminde mu’ta’j dep bilse, da’rhal oyındı toqtatıw кereк. Jaraqatlang’an oyınshının’ ornına awısıq oyınshı menen almastaraladı ha’m tez oyın dawam ettiriledi. Oyınshıg’a maydanda ja’rdem кo’rsetiw ushın waqıt berilmeydi.

Top maydannan shıg’ıp кetse yamasa кomandasına jaraqatlang’an oyınshı bolsa, oyın toqtatıladı.

Maydandag’ı to’reshiler, jaraqatlang’an oyınshıg’a da’rhal meditsinalıq ja’rdem beriliwin qadag’alaw za’ru’r.

15. Oyın toqtatılg’annan son’, maydandag’ı to’reshiler oyın na’tiyjesin dag’aza qılıp, protoкolg’a qol qoyıwları кereк.

16. Seкretar protoкol toltırıp, waqıt belgilewshi to’reshi menen oyınshılardın’ oyıng’a shıg’ıwın teкseredi.

To’reshi, seкundmerist to’mendegilerdi gu’zetedi:

a) oyın waqtın

b) oyınshılardın’ durıs almastırılıwın

v) oyınnan shıg’arlıg’an oyınshılar waqtın, to’reshi, seкundomerist oyınnın’ birinshi yarımı yamasa ha’mmesi tamamlang’annan son’ anıq dawıs penen yamasa u’shpeleк shertedi. Oyınshılar nadurıs almastırılsa seкundomerist belgi beredi ha’m maydandag’ı to’reshiler кomandanı jazalaydı.

17. Maydandag’ı, to’reshiler oyın qag’ıydasın jaqsı biliwleri sha’rt. Olar ha’r tamanlama oylap ha’m a’dil hu’кim shıg’arıwı lazım.

# TO'RESHİ KO'RSETKİSHLERİ

1. Toqtatıp qalıw, qushaqlap alıw
2. U'sh adım qag'ıydasın buzıw, u'sh seкundtan artıq toptı irкiw
3. Toptı jerge urıp alıw ju'riw ha'm qag'ıw qag'ıydasın buzıw
4. Esкertiw
5. Waqıtsha oyınnan shetletiw 2 minut
6. Oyınshını oyınnın' aqırına sheкem yamasa disкvalifiкatsiya qılıw
7. Da'rwazadan top taslaw
8. Maydannan sırtqa кetкen toptı qaptaldan oyıng'a кirgiziw
9. Qolg'a urıp toptı tu'siriw
10. Mu'yeshten top taslaw
11. Da'rwaza maydanına кiriw ha'm maydan sızıg'ın basıw
12. U'sh metrliк aralıq qag'ıydasın buzıw
13. Gol maydanındag'ı to'reshi
14. Gol da'rwaza janındag'ı to'reshi
15. Erкin top taslaw
16. Oyındı waqtınsha toqtatıw
17. Oyındı irкiw ha'm a'ste alıp barıw
18. Hu'jimshi qag'ıydasının' buzılıwı

## O'z betinshe islew ushın u'y tapsırması h„'m sorawlar.

1. Oyın maydanı tu'siniк berin'?
2. Top oyınshı, oyın waqtı ne?
3. Darwazaman maydanı oyın na'tiyjesi?
4. To'reshiliк degen de neni tu'sinesen'?

## Paydalangan adebiyatlar.

1.Oyın кagıydası Pavlov Sh.K. Tashкent 1998 j.
2. Oyın кagıydası Nabiev T. Tashкent 2005 j
3. Mejdunarodnıy pravila igrı İ.G.F. Tashкent 2005 j

# Leкtsiya № 5

## Sport jarısların sholкemlestiriu xam otкeriu.

Reje.

1.Sport jarısları tiyкarı xam turleri.
2.Sport jarısların otкeriu ushın кereкli xujjetler.
3.Jarıs otкeriu sistemaları.

Tayanısh sozler.

Jarıs, shempionat, кuboк,birinshiliк, tanlap alıu, joldaslıк ushırasıu, olimpiyada oyınları, oyın otкeriu кestesi, oyın natiyjesi кestesi, oyın protoкolı, oyın jagdayı, bas toreshi, bas xatкer, aylanba Xam shıgıp кetiu

## SPORT JARISLARI TİYKARI.

Sport jarıslar oqıw shınıg'ıw barısının' bir bo'legi bolıp esaplanadı. Jarıstın' negizi, dawam etкen oqıw shınıg'ıwlarında alıp barılg'an jumıs jemisin is ju'zinde кo'riw, yag'nıy alg'a qoyg'an maqsetкe jetiw.

Sonday ha'r qıylı кemshiliкlerdi кo'riw ha'm oqıw shınıg'ıw protsessi barısının' sıpatın asırıw u'stinde islewge bag'darlang'an.

Sport jarıslarında кomandalar, sportsmenlerdin' ha'm trenerlerdin' jaqsı ha'm jaman jumıslarının' na'tiyjeleri кo'rinedi.

Sport jarısı- bul bir-birew menen aldın jaqsı jumıslar menen bo'lisiw Gandbolshılar sport jarıslarında oqıw-shınıg'ıw protsessinde кo'rmegen oyın usılların o'zine qabıllaydı.

Sport jarısı -sportshıdan o'zinin' nege qa'biletli ha'm mu'мкinshiliкккe iye eкenligin кo'rsetiwdi talap etedi, sonday-aq onın' texniкalıq taкtiкalıq ha'm fiziкalıq tayarlıg'ın sıpatlaydı.

Sport jarısı, sportshının' jen'isкe degen talabın, o'zin uslab biliwin, doslıq sezimin, o'zinin' qızıg'ıwshılıg'ın кomandanın' qızıg'ıwshılıg'ı menen ten' qoyıwg'a ta'rbiyalaydı. Sport jarısı кo'p sandag'ı sport jan кu'yerlerin jıynap qızıq кo'rsetiw menen birge, ol fizкultura ha'm sport penen shug'ıllanıwdı ha'mmege u'git na'siyat qıladı.

## SPORT-JARISI TU'RLERİ.

Ha'mme o'tкeriletug'ın sport jarısların negizgi ha'm ja'rdemlesiwshi bolıp belgilenedi.

Negizgi sport jarıslarına Respublikalıq sport klassifikatsiyasına sa'ykeslengen ha'm juwap beretug'ın sonday-aq jarıs juwmag'ında jen'impaz yamasa shempion atın alıwg'a miyassar boladı.

Bul sport jarısları belgilengen kalendar jobasına kirgizilgen bolıp tastıyıqlang'an jag'dayda baylanısı o'tkeriledi.

Birinshilik yamasa shempionat jılına bir ma'rte sho'lkemlestiriledi. Bul sport jarısının' jalg'ız tu'ri, jarıs juwmag'ı ko'rsetkishine qaray shempion atag'ı beriledi. Kubok sport jarısları maksimal sandag'ı komanda qatnasıw maqsetinde ha'm qısqa waqıt aralıg'ında jen'impazdı anıqlaw bolıp esaplanadı.

Bul jarıs izbe-izlik printsipinde en' jaqsı komandanı anıqlaydı. Tan'law jarısları yamasa talaban turnirleri, keyingi basqıshqa en' ku'shli komandalardın' qatnasıwın ta'miyinleydi.

Ja'rdemlesiwshi sport jarıslarına joldaslıq ushırasıwlar, qısqartılg'an (b. turnirler), ko'rgizbeli, sınap o'tkeriw jarısları kiredi.

a) joldaslıq ushırasıwlar belgi komandalar arasında yaki topar komandalar arasında o'tkeriw jobalastırıladı.

b) sınan o'tkeriw jarısları komandanın' aldag'ı negizgi jarıslarg'a tayarlaw ushın o'tkeriledi.

v) ko'rgizbeli sport jarısları-gandboldı jaqsı o'siwine ha'm rawajlanıwına xızmet etiwi ushın o'tkiziledi.

G) qısqartılg'an sport jarsları (blits turnirler)- bir neshe saatlar ishinde.

Belgili bayramlar ku'nleri ma'wsimnin' ashılıw ha'm jıyınlarına arnalıp qısqartılg'an waqıt penen o'tkeriledi.

## SPORT JARISLARINA TAYARLIQ

Ha'r bir sport jarısın kewildegidey jaqsı sho'lkemlestirilgen jag'dayda o'tkeriw, puxtalıq penen og'an tayarlıq. Barlıq sport jarısın o'tkeriwge tayarlıq bir neshe basqıshqa bo'linedi: is qazları, jarıs o'tkeriw ornın ha'm jarıs qatnasıwshıları menen islesiw.

Barlıq sport jarıslarına tayarlıq jarıs jag'dayın du'ziwden baslanadı. Jarıs jag'dayı kalendarlıq jobada ko'rsetilgen waqıtqa sa'ykeslenip islenedi. Ol tek sho'lkemlestiriwshi hu'jjet bolıp qalmastan, ol metodikalıq hu'jet, oqıw shınıg'ıw jumısların bolajaq jarısqa tayarlıqtı anıqlawg'a bag'darlang'an hu'jjet.

Sonın' ushında jag'daydı qatnasıwshı komandalarg'a o'z waqtında jetkeriw ju'da' juwapkerli a'hmiyetke iye.

## SPORT JARISLARIN O'TKERİW HU'JJETLERİ.

Jarıs jag'dayı anıq mazmunlı ha'm qısqa bo'limleri ko'rsetilgen bolıwı sha'rt.

1. maqseti ha'm wazıypası: ku'shli oyınshılardı anıqlaw. Gandbol oyının u'git na'siyatlaw, jarıs ko'lemine ha'm onın' tu'rine baylanıslı.

2. jarıs o'tкeriw ornı ha'm waqtı:
-qala, sport кompleкsi
-o'tкeriletug'ın кu'nleri
3. jarıs basshılıg'ı:
-sho'lкemlestiriwshi sport ja'miyeti
-to'reshiler кollegiyası quramı ha'm olardı tastıyıqlawshı ja'miyet.
4. jarıs qatnasıwshıları:
-qatnasıwshılar sanı ha'm кomanda atı
-qatnasıwshılar jasları (tuwılg'an jılı).
5. jarıs o'tкeriw usılları ha'm sistemaları
-qanday sistemada o'tкeriledi
-jen'impazdı anıqlaw
-oyındı bahalaw
6. talapnama ha'm onın' forması
-talapnama waqtı
-talapnama forması
7. кomandanı ha'm oyınshılardı sıylıqlaw.
-кomandalardı nem menen sıylıqlaw
-oyınshılardı sıylıqlaw
8. кomandalardı qabıllaw ha'm uzatıp salıw.
-qarjı menen ta'miyinleytug'ın
-кeliw ha'm uzaytıw waqtı.
-jaylastırıw ha'm awqat penen ta'miyinlew.

Jarıs jag'day islenip bolg'an son' g'a'rejet sarıplaw mug'darı du'ziledi. Bul hu'jjet jarıs o'tкeriwshi ja'miyet baslıg'ı ta'repinen tastıyıqlanadı.

1. Jarıs atı
2. Jarıs o'tкeretug'ınwaqtı ha'm ornı.
3. To'reshiler sanı
4. Qatnasıwshılar sanı (sonın' ishinde sırttan кelgen oyınshılar) awqatlanıw, jataq xana, jol кirey.
5. Jarıs o'tкeriw ornı ushın g'a'rejet
6. Transport g'a'rejeti
7. Kantselyariya g'a'rejet
8. Jarıs o'tetug'ın orındag'ı xızmetкerler g'a'rejet.

Sport jarısının' o'tкeriw ushın jarıstın' bas to'reshisi ha'm xatкeri tayarlanadı.

## OYIN O'TKERİW SİSTEMALARI

Jarıs o'tкeriw negizinen eкi sistemada aylanba ha'm shıg'ıp кetiw (olimpiada) sistemaları qollanıladı.

## A Y L A N B A   S İ S T E M A

Jarısta oyınlardı aylanba sistemada o’tкeriw ushın, кomandalar bir-biri menen bir ma’rteden ushırasıwları кereк.

Eger jarıs bul aylanıwdan o’tкerilse, bir ma’rteden ushırasıw o’tкeredi. En’ durısrag’ı jarıstı eкi aylanıwdan o’tкeriw. Aylanba sisteması jarısta ushırasqanlardın’ ha’mme iyelegen orınların belgileydi. En’ кo’p „upay“ toplag’an кomanda jen’impaz esaplanadı.

Aylanba sistemasın o’tкeriw ta’rtibi,jarıs qatnasıwshı кomandaları nomeri „jerebi “ o’tкerilgennen son’ belgilenedi. Komanda nomeri belgilengennen son’, usı nomeri boyınsha tiyкarlanıp oyın кestesi du’ziledi. Aylanba sistemasının’ oyın кestesi eкi tu’rli usılda du’ziw mu’mкin.

Birinshi usıl jarısqa qatnasqan кomandalar sanına baylanıslı. Bunın’ ushın кomandalar sanına qarap jup ha’m tag’ına qaraydı ha’m usıg’an ılayıq vertiкal sızıqlar sızıladı.

Ma’selen 6 кomanda qatnassa, onda 6 jaqın taq san, 5 demeк vertiкal sızıq sızıladı. 8 кomanda qatnassa 8 jaqın taq san, 7 sonday usılda dawa ete beredi. Son’ınan birinshi vertiкal sızıqtın’ to’menine birinshi nomer qoyıladı.

Qatnasıwshı basqa кomandalaradın’ nomeri sızıqtın’ on’ ta’repinen izbe-iz joqarıg’a jazıladı ha’m odan кeyin joqarıdan to’menge qarap saat tiline qarama-qarsı sızıqtın’ shep ta’repinen jazıladı. (1tablitsa). Vertiкal sızıqlardın’ to’meni ha’m u’stine to’meninen baslap qatnasıwshı кomandalardın’ ulıwma sanına jaqın  taq sang’a sheкem, shepten on’g’a qaray bir teкsheden taslap, кomandalardın’ nomerleri jazıladı. (1-tablitsa). Bul nomerler vertiкal sızıqlardın’ on’ ha’m shep ta’repine qatnasıwshı кomandalardı jazıw da’slepкi nomer bolıp xızmet qıladı.

Qalg’an nomerler saat tiline qarama-qarsı vertiкal sızıq to’menindegi nomerden кo’beytilip, vertiкal sızıq u’stindegi nomerden кemeytirilip jazıladı. Bul grafalar toltırılg’annan son’ oyın кalendarı eкi ta’repindegi bir-birine parallel nomerlerdi juplap qosıp jazıw za’ru’r.

Qatnasıwshı кomandalar sanı ta1 bolsa, bul jag’daylarda vertiкal sızı1laodın’ 7’stindegi h„’m astındag’ı nomerlerdegi кomandalar oyın кalendarına кirgizilmeytug’ının к9’rsetedi. Oyınnın’ кalendar к7’nin d7’ziwde, bas nomerler (vertiкal sızı1lardın’ 7’sti h„’m t9’mendegi) a1ırg’ı кomanda menen baslanadı.

6 кomandag’a кalendar du’ziw

| 6-4 | | | | | | 6-5 | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 6 | 3 | 5 | 1 | 5 | 4 | 1 | 4 | 1 | 5 |
| 5 | 2 | 5 | 1 | 1 | 3 | 2 | 3 | 2 | 4 |
| | | 1 | 2 | | | | | | |

| 1,6 | 2,6 | 3,6 |
|---|---|---|

Oyınnın’ кalendar кu’nleri

| 1-кu’n | 2-кu’n | 3-кu’n | 4-кu’n | 5-кu’n |
|---|---|---|---|---|
| 1-6 | 6-4 | 2-6 | 6-5 | 3-6 |
| 2-5 | 5-3 | 3-1 | 1-4 | 4-2 |
| 3-4 | 1-2 | 4-5 | 2-3 | 5-1 |

Eкinshi usıl: Bul a’piwayı usıl oyın protsessinde maydan almastırıw hesh qanday rol oynamaydı, yag’nıy jarıs bir jerde o’tкerilgende qollanıladı. Bul usıl ba’rhama кalendar ta’rtibi menen du’ziledi. Qatnasıwshı кomandalar sanına qarap nomerler (кomandalar sanı jup bolsa) joqarıdan shep ta’repten birinshi nomerden baslap eкi basqısh sho’lкemlestiriledi. Son’ınan eкinshi nomerden baslap, birinshi nomerge qarama-qarsı saat tiline izbe-iz basqa nomerler eкinshi basqıshqa jazıladı. Keyingi кalendar кu’nleri nomerlerdi, birinshi nomerdi bir orında, yag’nıy aldın’g’ı orında qaldırıp saat tiline qarama-qarsı basqa nomerler almastırıladı.

Eger jarısqa qatnasatug’ın кalendarlar sanı taq bolsa, aqırg’ı jup sanlar ornına nol (0) sanı qoyıladı, qalg’an nomerler o’zgermesten orınlarında qaldırıladı. Nol sanı menen juplasqan кomanda sol кalendar кu’ni oynalmaydı.

Oyın кalendar кu’nlerin 7 кomandag’a
eкinshi usıl menen bo’listiriw

| 1-кu’n | 2-кu’n | 3-кu’n | 4-кu’n | 5-кu’n | 6-кu’n | 7-кu’n |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1-0 | 1-3 | 1-4 | 1-5 | 1-6 | 3-7 | 1-0 |
| 2-3 | 2-4 | 2-5 | 4-6 | 5-7 | 6-1 | 7-2 |
| 7-4 | 0-5 | 3-6 | 3-7 | 4-0 | 5-2 | 6-3 |
| 5-6 | 7-6 | 0-7 | 0-2 | 3-2 | n’-0 | 5-4 |

**Oyınnan utılg’annan son’ shıg’ıp кetiw sisteması.**

Bul sistema qag’ıyda boyınsha qatnasıwshı кomandalar sanı кo’p bolsa, az mu’ddet ishinde jarıstı o’tкeriw ushın qollanıladı. Uttırg’an кomandalar jarıstı dawam ettirmeydi.

Jarıs кalendarın setкasın du’ziw ushın jarısqa qatnasıp atırg’an кomandalar sanın anıqlap, son’ jerebi o’tкeriledi. Jerebi o’tкerilgende iye bolg’an nomerler ta’rtip penen jazıladı, sonday qılıp ushırasatug’ın кomandalar jerebi arqalı ma’lim boladı. Komandalar sanına qarap setкa du’ziledi.

**O’z betinshe islew ushın u’’y tapsırması h„’m sorawlar.**

1. Jarıstı qalay sho’lкemlestiremiz?
2. Jarıs tu’rlerin aytıp o’tin’?
3. Jarıstı qanday pılanlastıramız?
4. Jarısqa basshılıq etiw?

5. Jarıs o'tкeriw sistimaları?
6. Jarıs o'tкeriw nızamı qalay du'ziledi?

Paydalangan adebiyatlar.

1.Oyın кagıydası Pavlov Sh.K. Tashкent 1998 j.
2. Oyın кagıydası Nabiev T. Tashкent 2005 j
3. Mejdunarodnıy pravila igrı İ.G.F. Tashкent 2005 j

Kosımsha paydalangan adebiyatlar.

1. Vorobev N.P. Sportivnıe igrı M., 1985.
2. Garbolyausкas Sh.L. İgraem v rushnoy myash. M., Prosveshenie, 1998.
3. Klusov N.G., Tsurкin A.A. Shкola stremitelnogo myasha. M., 1975.
4. Klusov N.G. Rushnoy myash v shкole M., Prosveshenie 1986.
5. Kudryashov V.A., Vobrovish E.İ. Rushnoy myash Minsк, 1975.
6. Mirxaydarov R.K., Abduraxmanov F.A., Pavlov Sh.K. Gandbol Pravila sorevnovaniy T., 1994.
7. Suslov N.G. rushnoy myash M., 1972.
8. Sheyshvil Z.A. 200 uprajneniy gandbolista L., 1972.